

REZÈVWA KI FANN



An nou priye.

Seyè, kounye a nou kwè. Nou kwè nan Pitit Bondye a, epi, konsa tou, nou aksepte Lavi Etènèl ki vin de Li. Kounye a nou rasanble ankò, apremidi a, oubyen aswè a, pou yon lòt sèvis, ap fè Ou konfyans pou Mesaj la ak sa Ou pral di nou aswè a. Nou kwè nan Ou, Seyè, e nou konte sou Ou. Epi Ou te di: “Sila yo ki mete konfyans yo nan Seyè a va reprann fòs; tankou èg, y ap pran zèl pou yo leve ale.” E Bondye, nou priye, ke Ou va ba nou Pouvwa sa kap leve nou an, aswè a, pandan ke nou konte sou Ou.

² Nou di W mèsì pou moun sa yo, pou sa yo reprezante pou Ou e pou sa yo reprezante pou mwen. Mwen di W mèsì pou sa, Papa. Yo se bijou pa W. Epi Bondye, mwen priye, aswè a, pou W ka vin manifeste W Ou Menm, pou yo, selon bezwen pa yo. Si gen malad isi a, ke yo ka geri. Si gen dout nan lespri yon moun, efase l, Seyè. Epi jis ba nou Prezans Ou ak benediksyon W, paske nou bezwen yo, Seyè. Ou se tout satisfaksyon nou. Epi, san Ou, nou pa kapab fè anyen.

³ Nou priye ke W ka resevwa remèsiman nou yo pou tout sa W te fè. Nan Non Jezikri, nap tann benediksyon W yo. Amèn.

Nou mèt chita.

⁴ E, byen, li fè yon—yon ti jan pi fre jodi dimanch swa sa, isi a, ke sa te ye dimanch swa dènye. Nou gen anpil rekonesans pou frè nou yo ki te travay san rete pou te pèmèt sa. Mwen konn de ou twa nan yo. Frè Mike Egan, ke m ap gade dèyè a la, e mwen . . . Frè Mike, ak Frè Sothmann, Frè (mwen kwè) Roy Roberson, ak Frè Wood, ak yo tout, yo te isi a ap swe anba travay, tap eseye fini li pou nou te ka jwenn Mesaj sa kounye a, oswa jodi a. Konsa, nou gen rekonesans.

⁵ Bon, dimanch pwochen nan maten, si Seyè a vle, mwen vle fè yon sèvis gerizon priyè pou moun ki malad. Konsa, nap konsakre l pou yon sèvis gerizon, si Seyè a vle.

⁶ Maten an, mwen remake ke gen yon pakèt mouchwa isi a. Mwen te priye sou yo. Apre sa, pandan ke nou tap priye, ap chante, mwen menm, mwen te priye sou mouchwa yo; lèfini vin genyen plis toujou aswè a. Konsa, nou—nou kwè ke Bondye geri malad yo. Nou tèlman gen anpil gwo temwayaj gerizon nan mitan nou, ak toupatou nan lemond, ki fè nou gen rekonesans pou sa.

⁷ Mwen panse ke, dimanch pwochen, paske m ap pati pou yon ti tan, epitou paske nou konsakre anpil tan nan ansèyman Mesaj la, ke mwen panse se tap yon bon bagay si nou òganize yon—yon

sèvis gerizon, priye pou malad yo. Konsa nou kwè ke Bondye va ba nou yon bon moman.

⁸ Kounye a, anpil nan nou pral rale anpil wout aswè a. Kifè, jodi a, mwen t ap pale ak kèk gwoup moun nan—nan Kafeterya Blue Boar, kote mwen te pran manje midi mwen an. Yon pakèt bon moun, mwen te vle ba yo lanmen ak pale avè yo, moun ke mwen pat janm rankontre anvan, ki abitye vin isi an nan legliz la. Epitou mwen gen rekonesans pou jan de zanmi sa yo, mwen vle remèsye nou chak. Kèk nan yo te keyi mi, vin pote ban nou. Epi gen youn ki pote ban nou yon bokit siwo, oswa melas, mwen kwè ke se te sa, epi—epi lòt bagay. Nou pa konn kijan sa fè m plezi. E gen de maten, lè m leve pou m sot deyò lakay la, pafwa gen . . .

⁹ Gen de lòt maten te gen dwa gen yon frè ki pa bon menm, san rad ak bagay konsa, k ap mande m al chache rad pou li. Pandan m konn kòmanse ap sòti, mwen konn manke bite sou yon bokit mi ki te atè a. Mwen konn di: “Se ou ki pote mi sa yo?”

¹⁰ E l te di: “Non, jamè m pa gen anyen pou m wè ak sa. Mwen te vin la a anvan jou leve, e yo te deja la lontan.” Se te bon Frè Ruddell mwen an ki te pote yo pou mwen. E, kifè, jès sa yo mwen apresye yo anpil.

¹¹ Sa pa fè lontan, Billy Paul fèk fè m remake ke yo te ranmase ofrann, nan asanble a aswè a, pou mwen. Mwen—Mwen di nou mèsè pou sa. Mwen pa t vle nou fè sa. Mwen—Mwen vrèman apresye efò nou, ak tout lòt bagay, men li pa t nesèsè. Epi, men, ke Seyè a beni nou. Ou konnen, ou konnen, Bib la di: “Chak fwa nou te fè sa pou yonn nan pi piti sa yo, se pou Mwen nou te fè li.”

¹² Bon, mwen tap eseye pale ak nou, trè dirèk, de Mesaj la. Epi mwen . . . Kèk moun ka gen enpresyon ke—ke mwen kwè ke Jezi ap tounen demen maten oswa aswè a. Mwen panse sa. Bon, mwen pa di ke Li pral fè sa. Epi, ankò, Li ka pa vini semèn pwochèn, e sa kapab lanne pwochèn, sa kapab se nan di zan. Mwen pa konn ki lè L ap vini. Men, gen yon bagay mwen vle . . . w toujou gade nan panse w, prepare w chak minit oswa chak lè a. Ou wè? De fason, si L pa vin jodi a, Li ka la demen. Alò toujou kenbe sa nan panse nou, ke Li pral vini.

¹³ Epitou mwen pa konnen ki lè kap dènye moman mwen sou tè sa a, pa gen youn nan nou ki konnen. Epi okenn nan nou pa konnen lè L ap vini. Ata Li menm, Li pa konnen, dapre Pwòp Pawòl Li; Li te di: “Papa a sèl, konnen lè Li pral vini; menm Pitit la pa konnen lè Lap vini.” Se lè Bondye va voye L ban nou ankò. Men n ap tann lè L ap tounen. E si Li pa vini nan jenerasyon pa m nan, Li ka vini nan pwochen an; si Li pa vini nan sa a, Lap vini nan pwochen an. Men, pou mwen menm, se apèn si rete tan. Mwen jis . . . Pou mwen, sa ka rive a nenpòt ki lè a. Kounye a, sa pa vle di . . . Sa pa vle di, kounye a, ke nou pral wè syèl la chanje ak tout . . . Se pa de Vini sa a ke m ap pale. M ap pale de Anlèvman an.

14 Ou wè, Li Vin twa fwa. Li vin nan non twa sòt de pitit gason. Li vini nan yon trinite: Papa a, Pitit la, Sentespri a. Ou wè, tout se menm Kris la, menm Bondye a, toutan. Kounye a, nou konnen Li vin pou manifeste twa zèv gras la: jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a. Tout bagay, nan Bondye, konplete an twa.

15 Se konsa Li vini, premyèman, pou rachte Lepouz Li. Dezyèmman, Li vini, pou L pran Lepouz Li, nan Anlèvman an. Twazyèmman, Li vini, ak Lepouz Li, kòm Wa ak Rèn; apre, se lè sa a ke anpil moun ap atann Vini an.

Men lè Li pral vini fwa sa a, prèske okenn moun pap konnen lè L ap vini eksepte moun ki pare yo. Se va jis kèk moun ki pap la. Yo pa p konnen ki sa ki te rive yo. Yo pral tou senpleman anlve, nan yon moman, e yo va jis disparèt. “Yo va chanje nan yon moman, anvan ou bat je.” Konsa jis prepare w pou sa. Sa tap tèrib si yon maten ou ta wè yon moun ke w renmen disparèt, pèsonn pa ka jwenn yo. Èske sa pa t ap domaj, ke w realize ke sa fin pase epi ou rate l? Konsa toujou rete nan prezans Bondye.

16 Kounye a, semèn pwochèn nan, si Seyè a vle, lendi pwochen, lendi nan semèn kap vini an, si Bondye vle, m ap retounen ak fanmi an Arizona kote yo ale lekòl, apre sa mwen—mwen va retounen.

17 Bon, mwen pa pral la . . . Mwen pa gen okenn sèvis m pral patisipe laba. Se ra ke m al Arizona. M pral lòt kote. M ap mennen madanm mwen lòtbò a la, lendi pwochen. M ap tounen isit la ankò. M ap soti isit la pou m ale Colombie-Britannique. M ap retounen al Colorado. M ap Arizona ankò alantou Nwèl la, jis yon ti moman, ase pou . . . petèt de ou twa jou, rasanble fanmi an ansanm, tounen la a pou fèt Nwèl la, si Seyè a vle, pou nou gen yon sèvis nan semèn joudlan an isit la.

18 Kifè konsa, pratikman, mwen pi souvan isit la. Mwen isit la dis fwa pi souvan ke lòt bò a, paske nou pa gen okenn legliz oswa okenn sèvis lòt bò a, nou pa gen anyen, konsa, lòt bò a ki gen rapò ak sèvis nan legliz. Sa a se youn nan bagay ki pa bon nan sa. Mwen pa gen okenn kote mwen ka voye timoun mwen yo pou yo ka tande Mesaj sa yo, menm jan timoun nou yo ka tande l isit la, kifè—kifè se youn nan bagay ki manke nou. Men yo tout plis an sante. Se yon klima ki sèk, ki cho, ki sèk, men tout timoun yo parèt plis an sante. Mwen pa ret la ase lontan pou m konnen si klima a sen ou si l pa sen. Mwen, mwen toujou ap bouje, epi mwen—mwen—mwen kwè m jis ne yon pye poudre.

19 Madanm mwen rele m konsa . . . Mwen konnen li isit la, kifè m pral jwenn ak pa m apre legliz, nou tout konnen. Kijan yo rele sa, van an mouvman, oswa van ajite, oswa sa l ye a—sa l ye a, nou konnen, sab k ap bouje? Oubyen, lòt jan w ka di sa, mwen toujou ap deplase. Epi bon sa fè venndezan, ke mwen marye, epi mwen, gen delè, mwen santi m tankou yon etranje nan kay la, paske m ap bouje toutan.

Men m ap tann moman an lè n ap etabli nan Patri nou yon jou. Men pou kounye a konba ap kontinye, konsa an nou rete nan lapriyè.

²⁰ Pa bliye, dimanch pwochen nan maten, si Seyè a vle, mennen malad nou yo ak moun ki an difikilte yo. Vini bonè, pran plas nou, e pwobableman ap gen yon gwoup moun ke nou pral priye pou yo. Nou pral oblije distribye kat pou lapriyè. Si pa gen ase moun, nou pap distribye kat pou lapriyè, jis ase pou fòme yon ti liy tankou de ou twa douzèn, ou yon bagay konsa. Men nou—nou pral bay kat pwobableman pou lapriyè, alò nap fè l pwobableman anviwon inèdtan anvan sévis regilye a, ke mwen kwè kap pran. . . L ap bò zòn uitè, uitè oswa uitè trant, yo pral distribye kat pou lapriyè; yo pral louvri legliz la, pou yo ka remèt kat pou lapriyè yo dimanch pwochen nan maten. Epitou, asire nou ke nou ap la pou. . . Vin ak moun nou renmen yo, mete yo la. L ap fè bon ak bon frechè nan legliz la, si gen malad, n ap fè tout posib nou pou nou priye pou yo.

²¹ Mèsi, ankò, pou ofrann damou an.

²² Bon kounye a nou pral li yon pòsyon nan Pawòl Bondye a, aswè a, e nou ap pare pou evènman sa a kote Prezans Li ap pote Pawòl Li ankò pou nou. Bon, nou konnen nou ka li sa k ekri, men Bondye dwe revele tout pòtrè a. Ou wè? Nou ka pran sa k ekri, men Bondye dwe revele tout pòtrè a. E pandan ke w ap chache kounye a nan Liv Jeremi, chapit 2 a. . .

²³ Mwen vle di ke mwen kontan genyen Frè Lee Vayle, avèk nou, yon frè tout bon nan Seyè a. E map panse la a, frè sa a ki la a, mwen pa ka sonje non l, Frè Willard Crase. Epitou mwen wè frè Arkansas yo, Frè John ak lòt yo, ki soti zòn Poplar Bluff, ak Frè Blair. Epi, o, Frè Jackson, ak Frè Ruddell, ak anpil lòt ke mwen—mwen jis pa kapab. . . Mwen swete mwen te ka site non tout moun, men mwen jis pa ka fè sa, epitou ou konprann. Frè Ben Bryant, mwen wè li chita la; anjeneral se li ki okipe kwen amèn mwen pandan ke m ap. . . Tout moun rekonèt Ben ak vwa l. En-en.

²⁴ Yon lè, nou te an Kalifòni, mwen t ap preche yon Mesaj pou Batis yo anwo nan vale a. Yo te gen yon gwo tant lòt bò a, ak yon pakèt jan de Batis aristokrat. Mwen pa janm te ka tande yon “amèn” de okenn moun pyès kote; nou konnen, kèk nan fanm yo te pè pou makiyaj la pa krake sou figi yo. E sètalò, premye bagay ou konstate, mwen wè de pye men *gwosè*, kap vole, ak de gwo men, epi yon cheve nwa kap balanse, ap rele, “Amèn,” se konsa li tap rele. E mwen te voye je m anba, mwen di, “Ben, kote ou sòti?” L al chache “amèn” nan.

²⁵ Mwen wè madanm li ki, on ti jan, ap veye sou li. Enbyen, li pèdi yon ti kras nan cheve nwa li yo, men se kòrèk, ou konnen. Pa enkyete nou pou sa. Pam yo, mwen pèdi yo, sa fè lontan.

Kifè, bon, pa bliye priye.

26 Bon pandan n ap apwoche pati ki sensè nan sèvis la, sonje, si nou li Pawòl la, lè sa a Bondye va beni Pawòl Li. “Li p ap tounen vin jwen Li san Li pa fè sa L te vle L fè a.” Epi mwen konnen, lè mwen li Pawòl la, m ap toujou gen rezon. Lè mwen li Pawòl la, Bondye ap onore Pawòl Li.

27 Kounye a an nou leve kanpe pa respè pou Pawòl Li. Jeremi, chapit 2, vèsè 12 ak 13 nan Jeremi 2.

Se pou syèl la pantan O . . . lè li tande sa! Se pou l tranble. Se pou l rete sezi! Se Mwen menm SEYÈ a ki di sa.

Paske pèp Mwen an fè de kalite peche. Yo vire do ban Mwen, Mwen menm sous dlo fre a. Y ale fè rezèvwa pou dlo. Rezèvwa yo tou fann, yo pa ka . . . kenbe dlo.

An nou bese tèt nou kounye a.

28 Bondye Pam nan, Pawòl Ou te li. E nou priye ke W va onore Pawòl sa a, e ke aswè a ou ban nou parabòl oswa paralèl Li; pandan ke n ap konsidere ansyen epòk tan pase yo, Izrayèl, ki sèvi nou egzanp, jan Bib la anseye nou ke nou ka wè sa Ou fè pou yo lè yo obeyi Pawòl la, sa Ou fè pou yo lè yo dezobeyi Pawòl la, epi aprann ki sa nou dwe fè. Konsa, nou priye ke Ou va pale avè nou aswè a yon fason trè espesyal, pou nou ka konnen kijan pou nou konpòte nou nan jou jodi sa, ke nou aprann maten an nan ki jou n ap viv. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

29 Mwen vle pale aswè a sou sijè sa a, pou yon ti—ti moman: *Rezèvwa Ki Fann.*

30 Izrayèl te komèt de gwo mechanste. Bondye di yo te abandone L, Fontèn Lavi a, e yo te fouye pwòp rezèvwa pa yo pou yo ka bwè ladan yo. Bon, sa se tout yon koze.

31 Rezon ki fè mwen panse a tèks sa a se paske li se yon paralèl ak sa mwen t ap pale maten an, konsènan tan n ap viv la, ak Kòz ke n ap defann nan.

32 E n ap pran egzanp sou Izrayèl, ke, sa Bondye te ye a, Li dwe toujou rete menm nan. Epitou gen yon sèl bagay ke Bondye toujou onore, se, fason pa Li ke Li bay pou pèp la. E lè yo ekate yo de chemen sa a, alò yo dezonore Bondye, e Bondye fè moun soufri lè yo te vire do bay sa Li te di yo fè a, kèlkeswa sa l te ye a.

Li te menm ba yo on lwa: “Pa manyen, pa touche, pa goute.” Mal la se pa jis paske ou fè l la, men mal la se paske ou dezobeyi a sa Li di pou w fè. E pa ka gen lwa san pa gen pinisyon ki mache ak lwa a. Paske, si pa gen okenn pinisyon, alò, lwa a pa gen pwa sof si li gen yon konsekans. Lwa a!

33 Kounye a, nou wè, sa yo te fè nan tan sa a sanble ak sa n ap fè jodi a, sa moun legliz yo ap fè.

34 Bon nou wè yon bagay etranj isi a la. Sa kapab etranj pou kèk moun, lè Li di: “Ou gen, yo gen, rezèwva ki fann, ke yo fouye pou pwòp tèt yo.” Bon, petèt kèk nan nou pa konn ki sa yon rezèwva ye. Konbyen moun ki konnen kisa yon rezèwva ye? Enbyen, pi fò nan nou. Si nou te janm grandi sou yon fèm, nou konnen sa yon rezèwva ye. M sonje mwen te vale kont ti ensèk nan youn, pou—pou m konnen sa yon—yon rezèwva ye.

Mwen konn preche andeyò kote, nan yon touf bwa, te genyen yon gwo krich plen dlo rezèwva ki te enstale la, ak dlo la—lapli, nou konnen, e dlo a te vin yon ti jan ret twò lontan. Epi—epi apres a ti ensèk yo vin twouve yo ladann, nan mitan lannwit. Kifè mwen konnen kisa yon rezèwva dlo ye.

35 Yon—yon rezèwva se yon—yon kote, yon bagay ki fouye nan tè a, pou ranplase yon pwi. Kote moun yo pa gen pwi, kifè yo gen yon—yon rezèwva. Sa vle di, yon rezèwva se yon tank ke men moun fè, oswa yon pwi ke men moun fè nan tè a, ke moun fouye nan tè, pou ranmase dlo, pou—pou sèvi avè li. Kèk nan yo itilize l kòm dlo pou lave, e gen kèk ki itilize l kòm dlo pou bwè, e diferan fason, petèt. Pafwa, tout dlo nou te konn abitye genyen, te soti nan yon rezèwva. Nou te abitye pran yon vye bagay ke w te oblije woule, vire tounen, vire tounen, vire tounen, vire tounen, pou fè dlo a moute; te gen ti bokit atache ak li, pou tire dlo a soti nan rezèwva a.

36 Enbyen, nou remake yon bagay sou rezèwva a ki diferan de yon pwi. Kounye a, yon rezèwva va vin vid. Rezèwva a—a—a pa ka ranpli pwòp tèt li. Li se—se . . . Li pa fyab. Ou pa ka konte sou yon rezèwva. Li oblije konte e depann de lapli ki tonbe diran ete oswa diran ivè, kelkeswa sa li ye a pou l . . . Dabitid, epòk ivè lè nèj ak lapli vini, konsa dlo an dirije l anndan rezèwva a. Men, si li pa jwenn dlo sa a, lè sa a ou—ou pa gen pyès dlo. Li konplètman—li konplètman . . . seche nèt. Li pa ka ranpli pwòp tèt li. Vye rezèwva a pa ka ranpli pwòp tèt li. Se lè la—lapli tombe ke l fè ranplisaj.

37 Epitou mwen vle w wè yon lòt bagay konsènan yon rezèwva. Dabitid, ou jwenn, oswa jan li te fèt lakay pa nou, rezèwva a . . . Dabitid etab la de fwa gwosè kay la, e abityèlman yo fè dlo a soti de etab la, jiska rezèwva a. Mwen sonje vye pwi rezèwva sa a deyò a, lè li te gen . . . lè tiyo drenaj yo—yo te konn rale l fò ladann, tou, sòti nan etab la. Se apati de etab la yo ranpli l.

Se konsa dlo a soti anlè tèt etab la; kote, tout bèt ap mache toupatou nan lakou etab la, ak tout salte lakou a ki tabli sou tèt etab la, lè tan an sèk. Apre sa dlo a vin ramase tout bagay sa a anlè tèt kay la, pou ale nan yon dal ke men moun fè, answit l al nan yon bouch tiyo ke men moun fè, epi nan yon rezèwva ke men moun fè. Kifè si w pa gen yon galimatcha ak sa, mwen pa konn kisa w genyen, lè w gen yon rezèwva. Wi, mesye! Tout bagay sa a fèt ak men moun, epi se pa de sal yo sal.

38 Ou konnen, nou te konn rele . . . Nou te konn mete yon tòchon pou filtre sou youn. Eske w te konnen kisa sa te ye? Nou te oblije mete yon tòchon pou filtre sou li, pou kenbe tout ensèk yo ak bagay ki soti sou tèt etab—etab la, ak toupatou plas la, e ki soti nan youn al tonbe nan lòt, pou ateri nan rezèvw a. E nou te konn mete youn—youn tòchon pou filtre sou li, pou kenbe tout—tout kras ak tout sa nou te kapab. Se sèten, sa pa t kapab kenbe vrè salte a, li te jis kenbe gwo misil ki tonbe lage kòl ladann. Ensèk la te ka tonbe nan li, men ji ensèk la kontinye chemen l ak dlo a. Konsa, ou—you te reyèlman gen yon galimatcha lè ou te posede yon vye rezèvw sal.

39 Si w ta kite dlo sa a la a, kèk jou, li vin kontamine. Lè ou kite dlo a nan rezèvw a, li vin kontamine. Apre sa, li vin plen ak—ak krapo, epi leza, epi koulèv. Nou te konn rele sa “teta,” yo tou piti . . . Mwen pa konnen si . . . Se pa parazit yo ye, se . . . Mwen pa ka, mwen pa konn ki jan ou ta ka rele yo. Men kèk ti bagay ki vin nan dlo a, ke—ke nou rele teta. Ou konnen sa li ye. Konbyen moun ki konn de kisa m ap pale? O, men, natirèlman, nou tout peyizan konn sa. Sa vin fè l plen ak salte, e alò tout sa ki renmen salte vin ansanm avè l. Anrealite, sa rive senpleman akoz salte a. E akoz salte sa a, sa atire bèt ki renmen bagay sal yo.

40 Sa a sanble anpil ak legliz nou yo jodi a. Mwen kwè ke nou vire do . . . Youn nan pi gwo peche ke legliz komèt jodi a, menm jan ak Izraèl epòk lontan an, yo vire do ba Li, Fontèn Dlo vivan an, e yo te fouye pou tèt yo rezèvw ke men moun fè. E sa vin tounen yon abitasyon pou tout espès ki renmen kalite dlo sa a. Leza, krapo, ak tout kalite move mikwòb, ap viv ladann, poutèt se yon rezèvw ke men moun fè. E bagay sa yo tabli nan rezèvw sa a, yon egzanp pafè denominasyon nou yo jodi a.

41 “Kounye a,” ou di, “Frè Branham, poukisa ou atake moun sa yo fò konsa?”

Sa dwe atake. Li oblije sibi atak. Kouri pou li, paske l ap fini pa fòme mak bèt la. Sonje, sa se Verite! Se mak bèt la ke l va ye. Denominasyon ap mennen tou dwat nan sa. Kounye kounye a sa ap fè chemen l, pou fòse, gras a yon pouvwa.

42 Gade nan ansyen anpi Romen an. Se egzakteman sa ki te mennen yo pran mak apostazi sa. Nou te wè ke okenn moun pat ka ni achte ni vann si yo pa t genyen mak bèt la. Li te oblije genyen l.

43 Genyen sèlman de kategori moun ki va sou tè a: sa yo ki gen So Bondye a, epi sa yo ki gen mak bèt la. De kategori sèlman, alò w oblije gen youn ou lòt. Sa pral vin yon apostazi, youn—youn mak nan—nan relijyon, yon relijyon apostat.

44 E sa pral bay yon imaj pou bèt la. Pandan n ap etidye sa, nou jwenn ke Wòm te la, li la, e l ap toujou la, mak . . . oswa, bèt la. Egzakteman. Pa gen lòt jan pou nou sezi sa. Wòm!

45 E ki sa Wòm te fè? Li te pase de Wòm payen a Wòm ak pap, e li te òganize yon sistèm, yon sistèm inivèsèl, ki te fòse tout moun vin anba sèl relijyon sa osinon se te lanmò.

46 E se yon bagay etranj ke Etazini parèt sou sèn nan, e li tankou yon ti mouton. E yon ti mouton ak de ti kòn, dwa sivil ak dwa eklezyastik. E apre yon ti tan, alò ke li te yon ti mouton, nou wè apre sa ke li vin pale menm jan ak yon dragon e li tap egzèsè tout pouvwa ke dragon an te genyen anvan li. E Bib la di nou ke yo te di: “An nou fè yon imaj pou bèt la.” Yon imaj se yon bagay tankou yon lòt bagay. E nou ka wè sa kounye a, nan kondisyon apostat li a, legliz la ap fòme Konsèy Mondyal Legliz yo, ki li menm se imaj pouvwa Wòm nan; li pral fè presyon sou moun yo menm jan Wòm payen an te fè . . . oswa Wòm ak pap la te fè a. Kifè, pa gen lòt jan, pa gen lòt bagay. Men sa se Verite.

47 E se poutèt sa ke mwen atake l nan epòk pa m nan, nan tan pa m nan, paske li oblije sibi atak. Apèl la te lanse, konsa: “Nou menm pèp Mwen, wete kò nou nan mitan lavil sa a, pou nou pa patisipe nan peche l yo!”

48 Kounye a, m ap konpare sa ak rezèvwa sal, malpwòp sa yo. “Li se Fontèn Lavi a. Li se Dlo vivan an.” E lèzòm abandone Sa, e yo fouye rezèvwa pou pwòp tèt yo ki kapab ramase salte sèlman. Se sa sèlman li ka ramase. E se sa sistèm denominasyon an fè; li ramase tout sa k vini e ki vle rasanble ansanm. Yo prè pou yo resevwa l si l gen kòb, oswa si l gen yon jan d abiman. Kèlkeswa ki moun yo ye a, kote yo soti, yo pran yo, kanmèm.

49 Bon nou wè, tou, ke, mak bèt sa a ki te fòme isi a menm . . . Amerik se nimewo trèz. Li te kòmanse avèk trèz koloni. Li te gen yon drapo ak trèz zetwal, trèz liy. Epi li menm parèt nan Apokalips chapit 13. Epi Amerik la te toujou yon fanm, jan yo reprezante l sou pyès kòb nou yo. Menm tèt Endyen an, sou senkòb penich nan, se bò figi yon fanm. Nou konnen sa, nou konnen istwa li. Tout bagay, Klòch Libète a, ak tout lòt bagay, libète a . . . Estati Libète a se sa, tout bagay, se yon fanm. Yon fanm; nimewo trèz. Ou wè? Bon, li—li bèl pou wè bagay sa yo.

50 E kounye a mwen te predi daprè revelasyon Bondye, oswa yon vizyon an 1933, ke sèt bagay ta pral rive anvan fen tan an. E ke, youn nan yo, se, “Mussolini, ki te sou pwen vin yon diktatè a lepòk, li ta pral tabli diktati li; epi, ankò, li ta pral desann e anvayi Letyopi, pou l met men sou Letyopi; e Lespri, Li menm te di: ‘li va sikonbe sou wout li.’”

51 M ap mande m si rete kèk nan ansyen yo ankò nan tabènak la, k ap sonje ke mwen te di sa nan Sal Redman nan anba a lè nou te preche la a, sa fè trè, trè lontan. Èske gen yon moun nan bilding nan, aswè a, ki rete nan moun ki te la lè mwen te preche sa nan ansyen Sal Redman nan, lè sa a te genyen Asosyasyon Nasyonal sou afè Zam N.R.A., sa fè trè lontan epòk lè Roosevelt te sou premye manda l? Mwen sipoze pa gen yon sèl moun konsa

isi a. Èske gen youn? Wi, wi, youn, gen youn sèl. Wi, Madan Wilson, mwen sonje li. Ak madanm mwen, ki chita dèyè a. De ki rete, pami ansyen jenerasyon epòk sa a.

Se, lè yo t ap di ke N.R.A. a, se te mak bèt la, mwen te di: “Anyen menm; se pa sa ditou. Mak bèt la pap sot la. L ap soti Wòm. E sa pa ka mak bèt la.”

⁵² Epi kounye a sonje ke bagay sa yo te pale. M te di: “fen Adolf Hitler va youn mistè. E ke li ta pral deklare Etazini lagè. Epi yo ta pral bati youn gwo—youn—youn gwo bagay an beton, ke yo ta pral menm viv anndan l. E ke la a menm Ameriken yo ta pral pran youn bèl kal, la a.” Alò se te liy Siegfried, onzan anvan menm ke yo te kòmanse bati l. E aprè m te di: “Men li va rive nan fen li; e Etazini va genyen gè a.”

⁵³ E aprè m te di, ke, “Gen twa is; Nazis, fachis, ak kominis.” E mwen te di: “Yo tout ap fini nan kominis. Larisi ap ramase yo tout, nan kominis.”

⁵⁴ E mwen te di: “Alò, lasyans pral tèlman devlope, lòm pral vin tèlman entelijan, ke li pral envante youn bann bagay jiskaske l va fabrike youn machin ki sanble ak youn ze, ki va genyen youn espès de plafon an vit, e ki pral kontwòle avèk youn lòt pwisans ke volan an.” E yo gen machin sa a.

⁵⁵ E mwen te di: “Lè sa a, moral medam nou yo va tèlman youn bagay ba degrade, ke yo va vin youn avilisman pou tout nasyon yo. Yo pral pote rad gason. Y ap kontinye dezabiye tèt yo jiskaske pou vrè y ap rive kote tankou se souvètman yo k ap sou yo, se fin eksplike. E, finalman, y ap fin pa jis pote youn fèy figye.”

Epi si w remake, nan magazin *Life* mwa pase a, yo te gen fanm sa ak fèy figye a sou li. E sa a, se nouvo rad pou sware, oswa ròb sware, sa yo pote nan aswè; li transparan, ou ka wè tout bagay, sèl fèy figye a k ap jis kache youn sèl pati nan kò li; ak mayò san bretèl pou benyen ke pati anwo a, ou bretèl, anlè l, ki ekspozè kò l. E kouman bagay sa yo te vin rive!

⁵⁶ Aprè sa mwen te di: “Mwen wè youn fanm kanpe nan peyi Etazini, tankou youn gwo rèn oswa youn bagay konsa. Epi li te bèl nan figi, men li te mechan nan kè li. E li fè peyi a ap mache, jan lide l di l.”

⁵⁷ Aprè sa mwen te di: “Finalman, Li te di m vire tounen gade Lès ankò. E, lè mwen te gade, mwen te wè, sa te sanble, kòm si se te, mond lan ki te eksploze. E jiska pi lwen ke m te ka wè, pat gen anyen lòt ke mòso bwa, ak—ak wòch dife ki te eksploze soti nan tè a.”

E bagay sa yo te gen pou yo rive anvan fen mond lan. Anndan trantwazan, senk nan sèt bagay sa yo deja rive. Men li, nou tounen nan fen tan an!

⁵⁸ E mwen te pale kont sistèm denominasyon sa la pou la. E mwen toujou kwè, aswè a, ke se youn twou sal, ke se youn plas

kote salte dirije yo. Mwen pa ka kwè ke Bondye t ap janm pran yon bagay konsa nan Legliz Li, paske li dwe ne nan fason Lespri Bondye epi lave aprè sa anvan li ka rele l pa L. Kò mistik Kris la, nou batize ladan L nan fason batèm Sentespri a.

⁵⁹ Wi, se sèten ke sistèm rezèvw a sa se yon egzanp pafè denominasyon yo. Yon nonm saj dwe pran prekosyon, pou l pa janm antre ladann, paske Bondye te pwouve pandan dewoulman aj yo ke Li kont bagay sa e ke Li pa janm travay avè l. Nenpòt gwoup . . . Chak fwa yon moun te vin ak yon mesaj, tankou Luther, Wesley, elatriye, epi Smith, ak Calvin, ak lòt, nan moman ke yo kòmanse yon òganizasyon, Bondye te depoze l e Li pat janm vizite l ankò avèk yon revèy.

⁶⁰ Fouye listwa. Pa janm gen yon moman kote Bondye te janm pran yon denominasyon, pou l fè yon revèy soti nan li, okenn kote. Se konsa, nan tout listwa ak Bib la tou, li pwouve ke se yon bagay sal nan je Bondye, konsa mwen pa vle annafè avè l ditou. E se poutèt sa mwen kont li. M ap eseye fè moun yo sòti ladann.

⁶¹ Nou envite, tankou Izrayèl, menm jan an kounye a, pou nou pran Izrayèl kòm egzanp. Yo menm, toutotan ke yo te rete ak Fontèn sa, yo te kòrèk. Men lè yo te kòmanse fouye rezèvw a pou pwòp tèt yo, sistèm rezèvw a ke men moun fè, lè sa a Bondye kite yo tonbe plat atè. L ap fè nou menm bagay la. “Yo te vire do ba Li, Fontèn Dlo lavi a.” Se sa ke Bondye te repwoche yo. “Ap fè yon bagay pou yo te kap di: ‘Ou wè sa nou fè!’”

⁶² Kounye a, nan moman vwayaj Moyiz lan—lan; alò ke Bondye, pa gras, te ba yo yon pwofèt, te ba yo yon Kolòn Dife pou mache devan yo, te konfime L avèk siy ak bèl mèvey. Gras te founi tout bagay sa yo. Izrayèl te vle kan menm, te wè lalwa. Yo te refize gras la, pou aksepte lalwa.

Se egzaktman sa moun yo fè jodi a. Yo refize Pawòl la, pou pran yon sistèm denominasyon, paske yo ka fè sa yo pito ladann e chape poul yo. Men ou pa ka fè sa nan Kris! Ou dwe vini pwòp epi klè, pou w ka nan Kris.

⁶³ Kite pwi atezyen an, pou yon sistèm oswa yon rezèvw a ke men moun te fè, èske ou ka imajine yon moun kap fè sa? Èske ou ka imajine eta espri yon moun ki gen posibilite bwè nan yon pwi atezyen ki fre, e ki ta kite sa pou yon rezèvw a ke men moun fè kote k gen krapo, ak leza, ak teta, epi tout lòt bagay ladann?

Sa pa menm sanble ke l menm yon tikras nòmal, men se egzaktman sa ke moun yo te fè. Yo te abandone Pawòl la, vrè Fontèn sous ak Pwisans Bondye a, pou al bwè nan rezèvw a, rezèvw a ke yo te fè yo menm. Menm bagay yo te fè lè sa a, se sa yo fè jodi a. Yo di . . .

Li te di: “Yo vire do ban Mwen.” La a Li te di, la a nan Jeremi 2:14, oswa 13, pito. Li te di: “Yo vire do ban Mwen, Fontèn Dlo lavi a.”

64 Bon, nou wè kisa yon rezèvwà ye. Nou wè kisa li ramase. Nou wè kouman yo fè l. Se yon bagay ke men moun fè ki soti sou yon tèt kay sal. Dlo ki tonbe desann ladann, ateri sou yon tèt kay sal, epi li annik lave tèt kay la, yo pase l nan yon dal ke men moun fè, answit nan yon bouch tiyo ke men moun fè, rive jis nan yon rezèvwà ke men moun fè. Epi tout kras la chita ladann, ak mikwòb yo—yo, ak leza yo, ak krapo, epi bagay konsa, ki nan tè a. Epi, gade, se bèt malpwòp yo; teta, ki sal. Yon teta pa ka viv nan dlo pwòp. Si sa ta fèt, sa tap tiye l. Li oblije rete nan salte.

65 E se konsa pou anpil nan parazit sa yo jodi a. Ou pa ka viv nan dlo fre Sentespri a. Se poutèt sa yo kategorikman kont Pawòl la, e y ap di: “Li kontredi tèt Li. Li pa gen ankenn valè.” Se paske yo dwe gen yon espès de basen dlo sal pou yo ka tòtiye. Se vre.

Se menm jan sa ye ak krapo, epi ak leza, ak teta, e lòt tankou sa yo. Yo oblije rete nan yon marekaj oswa yon basen dlo sal, pou yo ka viv, paske se nati yo pou yo viv la a. E ou pa ka chanje bèt la san ou pa chanje nati li.

Epitou ou pa ka fè yon nonm wè Pawòl Bondye a jiskaske nati li chanje; epi lè nati li chanje de sa ke li ye, a yon pitit Bondye, alò Sentespri a desann sou li. Sentespri a te ekri Pawòl Bondye a!

66 Jodi a mwen t ap pale ak bon zanmi m, Doktè Lee Vayle, ki la a nan moman sa a. Li se tout yon teyolojiyen, e anjeneral nou gen—nou gen trè bèl diskisyon sou Lèzekriti. Li trè entelijan.

Yon lè li te mande m sa mwen te panse ki te yon prèv klè Sentespri a: “Èske se te pale an lang?” Sa fè plizyè ane de sa.

Mwen te di: “Non; mwen pa wè l konsa.”

Li te di: “Mwen menm tou,” li te di: “malgre ke se sa yo te anseye mwen.” Li te di: “Ki sa ou panse ki ta dwe yon prèv klè?”

67 Mwen te di: “Prèv ki pi klè ke mwen te ka panse se lanmou.” Se konsa nou te pran pale sou sa.

E alò mwen te panse ke sa te sonnen vrèman byen kifè mwen te jis kenbe sa: “Si yon moun gen lanmou.”

Men yon jou Seyè a, nan yon vizyon, korije m. E Li te di, ke: “Vrè prèv Sentespri a, se sa yo ki ka resevwa Pawòl la,” se pa ni lanmou, ni pale an lang, men se resevwa Pawòl la.

68 E sètalò Doktè Vayle te di m, ke: “Sa a Biblik,” li te di: “paske, nan Jan 14, Jezi te di: ‘Lè Li Sentespri a va vin sou ou, Li va revele w bagay sa yo ke mwen te moutre ou a, e li va anonse w bagay ki pral rive.’”

Konsa men prèv otantik Sentespri a! Li pako janm di m yon bagay ki pa sa. Sa a, “Se li ki vrè prèv Sentespri a, se moun ki ka kwè Pawòl la.” Ou ka resevwa L.

Paske, Jezi pa t janm di: “Lè Sentespri a va vini, nou va pale an lang.” Li pa t janm di ke, lè Sentespri a va vini, ou va fè nenpòt nan bagay sa yo. Men Li te di: “Li va pran bagay Pam sa yo e Li

va anonse yo ba ou, e Li va moutre w bagay ki pral rive.” Kifè men vrè prèv otantik Sentespri a, daprè Jezi Li menm.

⁶⁹ Kifè tout sansasyon ak tout bagay sa yo ke moun yo genyen e ke yo toujou kenbe a, ou ka wè poukisa yo fè sa. Ou wè, li vin tounen yon denominasyon, oswa yon basen dlo sal, e pap gen okenn denominasyon k ap janm fèt sou pa- . . . Pawòl pafè Bondye a. Li pa ka fè sa, paske ou pa ka nonmen oswa fè Bondye yon denominasyon. Non, mesye!

⁷⁰ Rezon an sè ke, pran yon gwoup moun ki ka kwè Pawòl la, kite yo kòmanse yon òganizasyon. Premye bagay ou konnen, apre yon ane ou gen yon bann Ricky ladann ke w pa ka fè anyen avè yo. Yo kenbe di, e ou pa ka fè anyen ak sa. Se pa sistèm Bondye an. Se pa sa, kifè nou konnen ke bagay sa a pa ladann. Li vin tounen yon rezèvwà, e li vin tounen yon plas kote chak moun pral fè konpwomi sou *sesi, sela, se lòt bò*, pou fè plis manm antre ladann, oswa pou kite moun antre.

⁷¹ Nou jwenn ke, sistèm sa a te kòmanse yon lè, nan tan pèp Izrayèl, lè yo te konn fouye twou rezèvwà sa yo. Te gen yon nonm ak yon bann Farizyen ki te fouye kèk twou rezèvwà. E yo te gen yon nonm ki te rele Ewòd, e li te pwoklame, gouvènè leta.

E li te vin koute yon nonm ki pa t nan jwèt ak denominasyon yo. Li te yon pwofèt. E pa gen pwofèt ki janm te annafè ak denominasyon, ke pou l rayi sa. Pwofèt sa a te kòmanse di: “Pa kòmanse di nan kè nou, ‘Se pitit pitit Abraham nou ye,’ paske mwen p ap kache di nou sa, Bondye kapab pran wòch sa yo, li fè yo tounen pitit pou Abraham.”

⁷² Konsa yo te mennen yon gwo chabrak vin tandè l. E gwo chabrak sa a te pran madanm frè li nan men l, e li te marye avè l. E kisa nonm sa te mache di l nan figi l? Yo te panse li ta pra l fè konpwomi, pou li di: “Vini non, msye, ou, ou gen yon bèl plas bò *isi a*. Epi ou ta dwe . . . Mwen tèlman kontan ou vin tandè m *isi a* jodi a.”

Jan annik mache dwat nan figi l, pou di l: “Ou pa gendwa pran l pou madanm ou.” Premye bagay ke li te di, li te savonnen l poutèt peche l.

⁷³ Ou wè, denominasyon yo te fouye twou dlo sal kote ke gason ka viv ak fi, pandan ke fi sa yo ap mal konpòte yo, ap koupe cheve yo, ap met chòt, ak tout lòt bagay, epi ap rele tèt yo Kreyen.

Men yon veritab Fontèn, alelouya, ak Pwisans Bondye, li pa kab rete la, paske Li ap djayi sòti. “Mwen se Fontèn Dlo vivan an. Yo abandone M, pou yo fouye pou pwòp tèt yo twou rezèvwà.”

⁷⁴ Bon, nou jwenn ke, yon fontèn dlo vivan, se kisa yon fontèn dlo vivan ye? Nou wè kisa rezèvwà a ye, kounye a se kisa yon fontèn dlo vivan ye? Se yon pwi ateyen.

“Yon pwi ateyen, sa sa ye, Frè Branham?”

Se yon pwi ki toujou koule pa anba e ki voye dlo l sòti deyò. Li ap koule tout tan. Se li ki bay pwòp tèt li. Yon pwi atezyen, yon fontèn dlo vivan, li toujou fre, e li toujou pwòp. Li pa mouri ni l pa sal. Li vivan, l ap chanje san rete, pou fè sòti yon nouvo bagay tout tan, ap bouje, ap koule sòti nan pwòp sous li. Li tire sous li de—de kote l tabli a, ki se yon . . . toujou yon fontèn dlo vivan k ap djayi moute. Li netwaye pwòp tèt li; li pwòp, li pi, dlo pwòp. Se li ki ede pwòp tèt li; ou pa bezwen ap tann lapli pou ranpli rezèvwa l rabouch. Li toujou ap bouyonnen, li bay dlo l gratis. Ou pa bezwen ponpe l, vire l, antòtiye l, osinon asosye avè l. Se jis yon fontèn dlo vivan.

⁷⁵ Ou konnen, pran vye rezèvwa sa yo, ou oblije remoute l, remoute l, e remoute l, ponpe l e tout lòt bagay ankò, pou w ka fè sòti yon ti kras dlo sal sa. Wouch!

Men yon Fontèn Dlo vivan jis kite L sòti, gratis, san w pa bezwen ponpe, asosye, okenn lòt bagay. O, mwen kontan pou Fontèn sa! Wi, mesye!

⁷⁶ Li pa bezwen okenn paswa anlè L, pou retire parazit. Paske, Li sot tèlman an pwofondè, la a nan Wòch la, kote k pa gen parazit ditou.

Li pa oblije genyen yon ranyon edikasyon pandye sou Li, se vre, kèk sistèm monden ke sajès denominasyon men moun fè te bay; pou vin di w, devan yon sikyat, si wi ou non w kapab preche. Li pa gen youn nan ranyon sal sa yo pandye sou Li. Li t ap jis pouse l voye l jete menm kote w te mete l sou li la. Ou paka fè sa. Pwi sa a ap bouyonnen monte, tout tan. Si w ta mete youn nan ranyon sa yo sou li, li tap voye l jete la pou la swa yon bò swa yon lòt bò. Li pa gen tan pou l aksepte ranyon denominasyon sou li.

⁷⁷ Li pa bezwen ni filt, ni paswa, ni ponp, ni sakad, ni anyen lòt. Li sèlman la, ap bouyonnen moute. Li pa oblije depann de lapli lakay pou ranpli l rabò. *Lapli* yo se “revèy,” kote Fontèn sa . . . Se nan Fontèn Lavi sa. “Kote Kadav la va ye a se la ke èg yo va sanble.” Ou pa oblije ap fòse yon revèy; ou pa oblije fòse anyen. Sèl sa w gen pou fè se jis vin nan Fontèn nan. Li toujou ranpli ak dlo ki bon, ki fre, e Li pa gen fen. Li jis kontinye ap bouyonnen.

⁷⁸ Ou pa oblije al nan rezèvwa a, pou di: “Enbyen, si lapli tonbe e lave etab la, n ap gen kichoy pou n bwè.” Ou wè? O la, la, la, la! Pa sila a. Pwi atezyen sa a ap ponpe bon jan dlo fre, tout tan. Ou ka konte sou li. Ou pa bezwen di: “Enbyen, m pral bò vye rezèvwa sa. Nou abitye bwè ladann, men lapli pa tonbe depi kèk tan. M ap di w, li kapab seche.”

⁷⁹ Se konsa kèk nan rezèvwa ke men moun fè yo ye. Ou kapab antre, si ou gen yon gwo bagay kap mache, yon gwo bagay mistik kap vann, ou—oswa yon jan de bagay kap mache, yon gwo pakèt fèt ak bagay konsa kap kontinye, jwèt zo, ak fèt nan sousòl kay, ak tout sa ke w ka jwenn nan yon vrè kay.

Men lè w al kote w jwenn Fontèn sa kap bouyonnen moute an, tout tan, moun yo toujou la, avèk yon bon vè dlo fre. Ou ka konte sou Li! Ou va di: “Yo pa gen yon revèy depi dizan.” Si w ap viv de Fontèn sa a, Li toujou gen yon revèy kap kontinye.

⁸⁰ Se tankou ti bonòm nan peyi Welsh la te di. Ou pito, kan yo te gen revèy Welsh la ki te an mach yon fwa, te gen kèk gwo chabrak ki te soti Etazini. Kèk nan gwo Doktè an Divinite sa yo te ale laba nan peyi Galles Angletè, pou yo te jwenn ki kote e kisa tout bagay sa yo te ye. Konsa yo te ak kòl chemiz tounen-lanvè yo, ak chapo kasav yo, e yo tap pwonmennen nan tout lari.

Epitou men yon ti polisye ki tap vini, ap vire vye ti baton gayak li a nan men l, ap soufle chan: “Anba a sou lakwa kote Sovè m nan te mouri, anba a la a pou netwaye peche, mwen te rele; la a nan kè mwen San an te aplike, glwa pou Non Li,” li tap pwonmennen konsa nan lari a.

Kifè yo te di: “Li sanble yon nonm ki nan zafè relijyon. An n al mande l.” E yo te di: “Mesye!”

Li te reponn: “Wi, mesye?”

Yo te di: “Nou soti Etazini pou nou vin isi a. Nou se yon delegasyon. Nou vin pa bò isi a pou ankete sou swadizan, revèy Welsh la. Nou se Doktè an Divinite, e nou pa bò isi a pou nou ekzamine l.” Yo te di: “Nou vle konnen ki kote revèy la ye, e ki kote l ap fèt.”

Li te reponn: “Mesye, ou rive. Se mwen menm ki revèy Welsh la.” Amèn! “Revèy Welsh la nan mwen. Men ki kote li ye.”

⁸¹ Se konsa sa ye lè Fontèn Dlo vivan sa a se vi w. Li vivan tout tan, L ap bouyonnen sou bouyonnen, ankò e ankò. Pa gen fen pou Li. Pa gen: “Al wè si kèk ti dlo, si nou te gen lapli isi a sa pa fè lontan,” se pa sa. Se Fontèn Dlo vivan sa. Jan mwen te di a, Li bay Dlo Li gratis.

⁸² Ou pa oblije mete ranyon sou Li, pou fè w yon ide; kèk ranyon edikasyon, anvan ke w kapab voye l al preche, pou w wè si l eple mo l yo kòrèkteman, pwononce yo kòrèkteman, si li itilize non ak pwonon yo, ak lòt ankò, tankou adjektif yo. Anpil ladan yo pa menm konnen kisa bagay sa yo ye, men l ap viv nan Fontèn nan parèy, ou wè, menm bagay la.

⁸³ Li pa bezwen konte sou lapli lakay yo, pou l ranpli rabò, oubyen revèy nan kanton an, pou sa. Li pa bezwen fè sa, paske pwisans ak pwòpte l tou anndan l. Se kote sa a Pawòl la ye, Pwòp Pwisans Li! Lè yon nonm ka resevwa L nan kè li, Li gen pwòpte pa L la. Li gen pwisans pa L la. Ou jwenn li dirèk nan Pawòl la Menm, ap fè Lavi a djayi.

⁸⁴ Lè Izraèl te elwaye l de Li, yo te twouve yo nan pwoblèm. Chak fwa ke yo te elwaye yo de Li, yo te gen pwoblèm.

Se menm bagay la pou jan n ap aji kounye a. Lè revèy la elwaye l de Sa, konsa li pa bon. Li menm li fouye kèk pwi, ak, oswa kèk rezèvwal, epi men li.

⁸⁵ Men Li te toujou ede yo. Tout plenyen devan Lanmè Wouj la, kifè lè yo t ap plenyen. . . Malgre tou, nan tou sa, Li te pwomèt, Li te ba yo on pwomès. Li te ka abandone yo la menm, fason nou menm nou t a wè sa; men Li te pwomèt yo pou mennen yo lòt bò a.

Ki sa L te fè? Timoun Izraèl sa yo, Li te ba yo Kolòn Dife a ak tout bagay, kòm yon konfimasyon, pwofèt yo. Apre sa, yo te dirije yo lòt bò kote lanmè a. E, toujou gen pwoblèm kont Li. E men Farawon k ap vini ak lame li. E nou konnen ki sa Bondye te fè? Li te tou senpleman louvri rezèvwal wouj sal sa a.

Lanmè Lanmò se bagay ki pi danjere nan lemonn. Li gen lanmò tout bon. Li sal. Pa gen anyen ki ka viv ladan l.

E Li te louvri l pou L delivre yo, sou bò lòt bò a. Li mennen yo kote ke yo pap gen pou yo mare ak yon bagay konsa.

⁸⁶ Nan dezè a, yo te wè ke yo pa t ka konte sou rezèvwal sa yo; yo te sèch. Yo te wè, ke y ap pwomennen de yon twou dlo a yon lòt. Lè yo te nan dezè a, yo t ap mouri grangou ak swaf, pou yon gode dlo. E yo te dirije yo kot rezèvwal sa la, yon etan; li te sèch nèt. Y ale yon lòt kote; li te sèch nèt. Yo tou senpleman pat ka imajine yo ke yo pa t ap janm jwenn dlo pou bwè.

Apre sa, yo te jwenn dlo kote w pa tap janm espere nan tout dezè a. Se te nan yon wòch. Se te nan yon wòch. Kote yon nonm pa tap janm espere jwenn dlo, se nan yon wòch sèch ki nan mitan yon dezè. Men, ou wè, Bondye fè jan de bagay konsa. Kote w pat atann ou ditou a, fason ki pi etranj lan. Se sa ke nou te toujou jwenn.

⁸⁷ Yo panse ke w dwe gen yon bann gwo denominasyon, ansanm, pou yo tout reyini ansanm plen ak moun ap krake, konsa, e jwenn dè milye k ap kolabore, epi tout bagay *konsa*, pou w gen yon revèy.

Gen delè Bondye pran yon vye pti bonòm ki pa menm konn ABC li, e nan mitan yon gwoup moun ki pa save ki ka apèn distenge men dwat yo de men gòch yo, Li ka pwovoke yon revèy k ap souke lemonn. Li te fè l nan epòk Jan. Li te fè l nan epòk pwofèt yo. Okenn nan yo, avèk sa nou konnen, pat janm save, men Bondye te kapab mete men sou yo pou fè kichòy avèk yo.

⁸⁸ Nan Wòch sa dlo te sòti. Li te Wòch la. Lèfini, Li te bay Wòch sa a lòd, e yo te dwe frape l. Konsa Li te bay bon kalite dlo an abondans, ki fre, ki pwòp pou tout moun ki te anvè bwè. Li sove tout moun ki te vle bwè ladan l. Yon pòtrè pafè ak Jan 3:16.

. . . Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo, . . . tout moun ki va mete konfyans yo

nan li p ap pèdi lavi yo, okontrè y a gen lavi ki p ap janm fini an,

⁸⁹ Bondye te frape Wòch sa, sou Kalvè. Jijman nou tonbe sou Li, sak pèmèt Lespri Lavi a ki vin de Li bay ou menm avè m Lavi Ètènèl. Sa se yon parabòl pafè de Sa, la a nan dezè sa.

⁹⁰ Yo pa t janm nan rale, fouye, ponpe, ou nenpòt bagay; jis benefisyè gratis, de sa L te dejà founi. Konsa, yo pa t gen pou yo te soti sa nan yon etan. Yo pa t gen pou yo te rale l monte ak yon bokit. Yo pa t gen pou yo te gen yon manivèl pou al chache l. Yo jis te gen pou patisipe ladan l.

E se sèlman sa ki konte kounye a. Ou pa oblije asosye w ak anyen. Ou pa gen pou w desann a lotèl pou fabrike yon bagay, ponpe l. Ou pa oblije repete menm mo a ankò e ankò e ankò, jiskaske ou gen yon konfizyon langaj. Sèl bagay ou dwe fè se jis tire benefis, gratis, de Li, ki fason Bondye te deja founi an. Pa gen ponpe, pa gen pouse, pa gen anyen; jis pran ladan L, gratis. Ou pa bezwen fè anyen; jis patisipe nan Li. Ki vle di, jis kwè Li. Se tout sa mwen kapab di sou li.

Yo pat janm te gen anyen pou fè pou jwenn li. Yo pat janm te gen pou yo fouye pou jwenn li. Yo pat janm te gen pou yo tonbe ajenou epi kriye tout lannwit, pou jwenn li. Yo te tou senpleman patisipe ladan l; yo te frape l e li te prè. Se sa.

⁹¹ M ap gade yon nonm kounye a, ki chita nan fon sal la isi a. Mwen sonje ke mwen te di l sa, nan yon vye etab yon jou, tou pre yon manjwa.

E li te di, “Men mwen pa vo anyen.”

⁹² Mwen te di, “Mwen konnen w pa vo anyen.” Mwen te di tou: “Mwen menm tou.” Men m te di, “W ap gade sou sa ou ye. Epitou sispan gade sou sa w ye, gade pito sa Li ye.”

Li te di: “Si m te ka jis debarase m ak sigarèt sa yo, Frè Branham, mwen—mwen—mwen t ap yon Kreyen.”

⁹³ Mwen te di: “Pa debarase w de yo. W ap eseye vin bon moun pou al jwenn Li aprè sa. Li pat janm vini pou sove moun ki bon; Li te vini pou sove moun ki pa bon e ki konnen yo pa bon.”

Li te di: “Enbyen . . .”

Mwen te di: “Tande, ou pa vle al nan lanfè, pa vre?”

Li te di: “Non”

⁹⁴ Mwen te di: “Enbyen, ou pa oblije. Li te mouri pou w pat oblije ale.”

Li te di: “Ki sa pou mwen fè?”

Mwen te di: “Anyen. Se si senp ke sa.”

Li te di: “Men si m te kapab . . .”

⁹⁵ Mwen te di: “Men li, ou rekòmanse ak sigarèt sa a ankò. Sispann panse a sigarèt sa a. Annik sonje, panse a Li, sa Li te

fè, sa Li ye; pa sa ou ye. Ou se yon pa bon; e ou pa t janm te bon, e ou pa p janm bon. Men, sa Li ye a, se Li k Kichòy!” E mwen te di: “Kounye a, sèl bagay ou gen pou w fè; si Li te pran plas ou anba la, ou jis aksepte ak pwòp volonte w sa Li te fè a. Sèl bagay ou gen pou w fè se jis aksepte l.”

“Konsa,” li te di: “sa a senp. M ap fè sa.”

⁹⁶ Mwen te di: “Men rivyè a.” Ou wè? Mwen te mennen l isi a e m te batize l nan Non Jezikri.

Kèk moun nan fanmi li chita isi a, e mwen—mwen konnen ke yo te trouve sa komik ke mwen te fè sa, men mwen te konnen sa m t ap fè. Mwen te wè yon bagay otantik nan nonm sa. Mwen te ka wè sa la, se konsa mwen te pran l e mwen te batize l nan Non Seyè Jezi.

E, kan nou te fè sa, sa pat pran tan aprè ke mwen te desann al kay pitit li a. Nou te gen yon—yon vizyon de yon pyebwa ki te kase yon kote, e gen yon nonm ki te tonbe, preske kase do l. Yo te mennen l lopital. E se pandan nwit sa a ke Seyè a, te revele m, ke kesyon sigarèt sa te fini.

Konsa, jou aprè a li te vle kèk sigarèt. Mwen te di: “M pral achte yon pakè pou m pote l ba li. Fè jis siveye pou w wè, ke kesyon sigarèt la te regle pou li.” Li pat janm fimen yon sèl depi lè sa, e li pat janm te vle youn depi lè sa. Se Bondye!

⁹⁷ Ou wè, premye bagay ou dwe fè se vin nan Fontèn sa. Ou dwe vin nan Dlo sa, pran konsyans ke se pa anyen ke w ka fè. Se sa Li te fè pou ou. Ou pa oblije fouye twou; ou pa oblije ponpe sòti; ou pa oblije abandone *sesi*; ou pa oblije abandone *sela*. Sèl bagay ou dwe fè se ale la a epi bwè. Se tou. Si w swaf, bwè!

⁹⁸ Bon, Se li k te Wòch la. Bondye te frape L pou nou, e Li te vin bay anpil bon jan dlo, ki pwòp. Li fè sa ankò, jodi a, pou tout moun ki vle kwè. Sa se gras Li, natirèlman, pou nou, ki pèp Li.

⁹⁹ Men yon bagay menm jan, menm jan ak moun jodi yo, prè pou resevwa tout sa yo kapab pran, men yo pa vle rann ankenn sèvis an retou. Izrayèl te prè pou—pou bwè nan wòch la kounye a, men yo pat vle bay Bondye sèvis ke L te merite.

¹⁰⁰ E Li toujou rann nou sèvis. Ou konnen, nou pa menm kapab respire san Li. Nou pa kapab respire san sèvis Bondye. Se jis nan pwen sa ke nou depann de Li. E, poutan, sa preske dechire nou an de si nou ta eseye, oblije fè yon bagay pou Li. Li mande nou fè yon bagay, al wè yon moun, al priye pou yon moun, al ede yon moun, sa preske chavire nou, pou nou fè l. Men nou pa vle fè anyen pou Li pou nou rann sèvis.

¹⁰¹ Repwòch Li sete: “Yo abandone M, Pawòl la; e, yo pito aksepte yon rezèvwa ki fann. Aksepte. . . Yo te abandone M, Fontèn Lavi a, Fontèn Dlo Lavi a; e yo te gen anv i e yo te pito bwè dlo nan yon rezèvwa sal.” Eske w ka imajine sa?

¹⁰² Kounye a èske w ka imajine yon moun, ki, *devan* yon pwi atezyen kap bay bon dlo wòch sa, ki sòti dirèk nan kè wòch yo, anba nan kouch sab la, ak lòt konsa, jis pi fre e pi bon bagay ou ka jwenn; ki te prefere bwè nan rezèwva laba, ke dlo l te lave anlè etab la, ak anga yo, ak tout fasad bilding nan zòn nan? E pou mete l dirèk nan rezèwva sa, kote ke swentman dlo a retounen dirèk anndan l, sot nan granj, nan etab ak anga yo, ak tout bagay sa yo kap retounen koule nan rezèwva a, epi nou vle akse- . . . bwè nan bagay sa anvan n ale nan pwi atezyen sa? Fòk ta gen yon bagay mantal pa kòrèk ak moun sa. Se vre.

¹⁰³ E kan yon nonm ou yon fanm pran pozisyon pou yon denominasyon, ki pèmèt koupe cheve, mete shòt, makiyaj, ak tout lòt jan de tenten sa yo, ak yon jan de ti—ti pwogram, ak tout jan de konpòtman sa yo, epi yo ka al jwe nan ranje boling, epi— epi ak tout lòt istwa san sans sa yo deyò a, epi yo ka konfòme yo a sa; e konsa pi renmen sa ke Pawòl ansyen mòd Bondye a ki ka tranche koupe, e ki ka chanje fanm yo an dam debyen, ki pran yo e fè yo abiye ak konpòte yo byen, kifè sigarèt ak tabak, epi jire ak di betiz, manti ak vòlè, rete lwen w, kifè tout sa ki monden rete lwen w, epi la p ba w yon Bagay ki se yon satisfaksyon pafè. Poukisa yon nonm ou yon fanm al deyè yon bagay konsa pou konfò? Kijan w ka fè jwenn konfò nan sa?

¹⁰⁴ Kouman ou ka jwenn bon dlo fre nan yon rezèwva sal? Poukisa yon moun . . . Si yon moun al nan yon rezèwva sal pou l bwè, alò ke gen yon pwi atezyen ki louvri, ou va di: “Gen yon bagay ki pa mache byen nan tèt nonm sa.”

E si yon fanm ou yon nonm al nan yon kote konsa pou jwenn konfò, gen yon bagay espartyèl ki pa mache byen ak moun sa. Yo pa vle Pawòl la. Sa montre ke nati yo se toujou nati krapo, oubyen yon teta, ou yon bagay konsa, se vre, yon bagay ki gen nati sa ki renmen rezèwva sal, paske jan de bagay sa yo paka viv nan yon rezèwva Dlo pwòp. Yo pa kapab; se Dlo pwòp. Yo pa ka fè l.

¹⁰⁵ Kounye a, repwòch la sete: “Yo te kite L.” E jodi a yo fè menm bagay la.

Bon gade fanm ki te bò pwi a. Enbyen, li te vin nan pwi Jakòb la, e se toujou la li te konn vin pran dlo, nan pwi Jakòb la. Men pwi Jakòb la, nou te ka rele sa, denominasyon, paske li te fouye twa konsa; e sa a se li k te fouye l. Bon, li te kanpe sou yon gwo istwa. Li te di, “Kounye a, zansèt nou Jakòb, te fouye pwi sa. Li te bwè ladann, e bèt li yo te bwè ladann, ak lòt bagay. Èske sa pat sifi?”

¹⁰⁶ Li te di: “Men ak dlo ou pral l tire la a, ou va swaf ankò, ou oblije retounen vin chache ankò. Men,” Li di: “Dlo M ap ba ou a se yon Fontèn, yon Sous dlo kap djayi moute pa anndan, e ou pa vin isi an pou pran L. Li jis avè w.”

¹⁰⁷ Gade. Men lè li te vin jwenn ke yon Fontèn Biblik te pale avè l, ak yon siy Biblik li tap chache, li te kite sistèm denominasyon Jakòb sa e li pat janm retounen ladann ankò, paske li te jwenn vrè Wòch la. Ou wè? Li te kouri nan vil la. Li te fini ak peche. Li pat yon fanm tèt cho ankò. Li te di: “Vini, gade Kiyès mwen jwenn, yon Nonm Ki di m bagay ke m te fè. Eske Sa a se pa Kris la menm?” Li . . . Rezèvw a sa te pètèt korèk; li te akonpli misyon l. Kounye a li te nan vrè Fontèn nan. Rezèvw a te korèk jiskaske vrè Fontèn nan te louvri. Men lè vrè Fontèn nan te vini, rezèvw a te pèdi fòs li. Li te dekouvri ke gen yon pi bon kote pou bwè.

¹⁰⁸ E gen yon pi bon kote. Gen yon pi bon kote, e sa se nan Kris. Nan Sen Jan 7:37 ak 38, Jezi di, nan dènye jou fèt tabènak la: “Si yon moun swaf dlo, li mèt vin jwenn Mwen, li mèt vin bwè.”

Yo tout te ak kè kontan. Yo te gen yon ti sous dlo ki te sòti anba lotèl la, epi—epi la yo tout t ap bwè ladann, pandan yap celebre, pou—pou fèt la. E yo te di: “Zansèt nou yo te bwè nan wòch espiryèl nan dézè a.” Ou wè, yo te fouye pou pwòp tèt yo yon rezèvw, kèk dlo sal yo te ponpe sòti kèk kote, e yo fè l djayi moute vin anba tanp nan la. E yo tout te konn ansèkle dlo sa pou bwè, e yo te di: “Sa fè trè lontan, zansèt nou yo te bwè dlo nan dézè a.”

Jezi te di: “Se mwen ki Wòch sa ki te nan dézè a.”

Yo te di: “Nou te manje laman ki te sòti nan Syèl, e Bondye te fè l desann tankou lapli.”

¹⁰⁹ Li te di: “Se mwen ki Laman sa.” Li menm, Fontèn sa, Li te kanpe pami yo. Pen Lavi sa te kanpe pami yo.

E yo toujou pat vle L. Yo te prefere gen rezèvw pa yo a; paske, lèzom te fè *sesi*, e Bondye te voye *Sela*. Se ekzatemman sa ki diferans lan. Yo te fouye rezèvw pou pwòp tèt yo!

¹¹⁰ Li te di: “Si yon moun swaf dlo, li mèt vin jwenn Mwen, li mèt vin bwè.” Se Li ki Fontèn sa.

E tankou Bib la te di a: “Rivyè Dlo vivan ap koule sòti nan zantray li.” O, se Li ki pwi ateyzen sa! “Anndan zantray li, osinon nan nonm ki anndan an, rivyè Dlo vivan pral koule.”

¹¹¹ Se Li ki Wòch sa ki te nan . . . Se te Wòch Aga a, nan moman pwoblèm; kan ti pitit li a te prèt pou l mourì, lè yo te mete l deyò kan an, e li te deyò la ak ti Izmayèl. Dlo, ke li te pote nan rezèvw l la, te fini. E li te depoze ti Izmayèl atè; e li te mache, yon bon distans, e l te rele, epitou, o, paske l pat vle wè bebe ya mourì. E bripsoukou, Zanj Seyè a te pale, e li te jwenn Bè- . . . Bècheba, pwi—pwi sa laba a ki tap koule, e ki toujou ap koule jiska jounen jodi a. Li te Bè—Bècheba Aga a, Wòch laba a nan dézè a.

¹¹² Li te kanpe laba a nan Fontèn ranpli ak San an, jou sa, kanpe laba nan tanp la. [Kote vid sou kasèt la—Editè a] . . . tan tanpèt la. Nan Zakari chapit 13, se Li ki te Fontèn sa a ki te louvri lakay David, pou pirifye, ak pou (peche) lave peche. Se Li ki te Fontèn

sa. E nan Sòm 36:9, Li te Fontèn Lavi David. Li toujou Fontèn sa nan kay David.

E Li avèk powèt la, nan kè l la. Powèt la te di:

Genyen yon Sous tou plen ak San,
Se san Jezikri.
Pechè yo ki benyen ladan l,
Soti san tach e pi.

Li se Fontèn Lavi a, Fontèn Dlo. Li se Pawòl Bondye a.

¹¹³ Moun k ap viv nan dènnye jou yo te abandone L, vrè Pawòl la, Dlo Lavi a; e yo menm yo te foye rezèwva denominasyon; epi, ankò, yo foye, fè twou!

¹¹⁴ E kounye a nou te jwenn, ke yo te gen rezèwva ki fann. Epitou rezèwva sa ranpli ak mikwòb enkredilite, enkredilite k ap fè gam, pwogram edikasyon, ak lòt bagay, ki kontrè ak pwomès Bondye yo. Yo se moun k ap doute Pawòl la.

¹¹⁵ Kounye a, rezèwva sa yo ke yo te genyen an, Bib la di, yo te “fann.” Yon rezèwva ki *fann* se yon rezèwva k ap “koule,” e k ap swente. Sa sa ap fè? Sa pral degoute nan yon gwo twou relijye kòwonpi ke yo rele Konsèy Legliz Mondyal. E se la ke rezèwva ki fann nan ap mennen yo, tou sa paske yo abandone L, e yo. . . Fontèn Dlo vivan an; pou yo fabrike rezèwva sa yo.

¹¹⁶ Y ap foye gwo sistèm seminè pou aprann, pou edikasyon, ak lòt bagay. Se jan de rezèwva sa yo y ap foye jounen jodi a, ke yon nonm dwe gen yon Diplòm Filozofi, yon Diplòm Dwa, ou yon Diplòm Literati, ou yon bagay konsa, menm anvan ke l al preche. Rezèwva ki ranpli ak teyoloji ke lèzom fè. Yo antre yo nan gwo gwo lékòl pou aprann sa yo, epitou anndan la yo foure anndan yo pwòp teyoloji yo a ke lèzom fè a, e se avèk sa ke yo voye yo deyò a. Gade nan ki jou n ap viv, jou rezèwva ke lèzòm fè! Sa pa deranje ke. . . Sa pa etone ke bagay la vin tounen yon—yon pouriti, o la la, se paske moun yo bwè nan bagay sa.

¹¹⁷ E kan moun yo bezwen lajwa jodi a, kisa yo fè? Moun yo, olye yo aksepte jwa Seyè a, yo diriye yo kot peche, pou yo jwenn jwa a. Moun ki pral legliz e ki pretann ke y ap sèvi Kris, kan yo sou gwo nè yo kouri limen yon sigarèt. E kan yo—kan yo vle pran—pran yon ti plezi, yo met sou yo rad imoral yo e yo sòti al koupe zèb konsa kan mesye yo ap pase, yo ka soufle pou yo. Yo fè tout sa yo kapab pou vin popilè. Yo vle sanble ak aktè sinema yo. Sa se jwa yo.

Alòke, Jezi te di: “Se Mwen ki satisfaksyon yo.”

Rezon kifè yo al nan sa, se paske yo pa vle bwè nan Fontèn sa. Yo rejte L. Yo pa vle bwè Ladann. Yo asosye yo avèk yon jan de sistèm yon nonm fè, yon jan de rezèwva ki ranpli ak tout sòt de bagay sal, pou yo ka ale konsa.

¹¹⁸ Yè, nou te mennen ti moun yo sou rivyè a. Mwen kwè se te samdi maten. Nou te desann; Billy t ap peche pwason nan bato a.

E nou te monte ak timoun yo, pitit pitit gasonm nan ak yo menm, pitit fim nan, ak ti pitit gasonm nan, e nou te monte sou anwo rivyè a pou—pou nou fè yon tou bato. Ou pat ka menm fè yon tou bato sou rivyè a, poutèt malpwòpte, salte, yon bann moun tou sal ki te sou rivyè a, prèske toutouni ap fè tenten. Gen yon bato ki te vin bò kote nou, yon bann jenn ti gason douz-, katòzan, chak nan yo ak yon boutèy byè nan men yo, ak yon sigarèt. Yo rele sa “pran plezi.” O la la! Jiska konbyen tan ke mond sa ka dire, ak yon jan de sistèm konsa?

¹¹⁹ Alò pou yo ka debarase tèt yo ak panse ke lè yo mouri yo pral nan lanfè, sa yo fè, yo pati al asosye yo ak youn nan rezèvwa sa yo ke lèzòm fè. Kifè menm tip de moun sa yo fè pati de rezèvwa sa. Se pa lòt bagay ke yon bann malpwòp, ak teta sal mond lan. E yo asosye yo ak sa paske, tankou jan vye manmanm nan te konn di a: “Zwazo ki gen menm plim mache ansanm.” Yo pap vin nan Fontèn nan pou yo kapab lave lavi peche sa. Yo vle viv deyò laba a, e kan menm kenbe temwayaj ke yo se Kretyen. Poukisa? Yo tounen ba L do, vrè Fontèn jwa a, Lavi a, Lavi pafè a ak satisfaksyon. Se pou rezon sa ke yo fè sa, paske yo vle asosye yo ansanm. Yo gen kèk moun laba a ki kwè nan jan de bagay sa yo.

¹²⁰ Isi a sa pa fè lontan, Frè Fred avè m, ak Frè Tom, yon bann nan nou te ale nan yon legliz Batis ki gen renome nan lavi Tucson, pou nou te wè si nou pa ta ka jwenn on ti kichòy ki te ka ba nou petèt yon ti enpresyon frechè. E predikatè a te di yon bagay sou pèp la an Ejip, ke kan yo ta p kite yo t ap manje lay ak bagay konsa, ke yo te vle retounen pou yo manje sa ankò. Li te di: “Se yon bagay tankou moun jodi yo.”

E, nou tout, te di: “Amèn!” Mwen pat janm te wè yon gwoup konsa! Tout legliz la te retire jye yo sou predikatè a e yo te gade deyè pou wè kiyès ki te di “amèn” nan. Kòm si sa te fè yo pè amò. Yo pat konnen kisa sa te ye.

Lè, David te di: “Fè bwi ak kè kontan pou Seyè a. Louwe L avèk ap! Louwe L avèk sòm kantik! Ke tout sa ki gen souf louwe Letènèl. Epitou louwe Letènèl!” Bondye rejwi L nan pèp Li. Ke sa yo ki konprann nan, di: “Amèn,” lè nenpòt bagay la te di kòrèkteman.

¹²¹ Poukisa nou pa tounen do bay sistèm sa a ak rezèvwa lemoun sa yo, pou sistèm fidèl Bondye a, ki se pwi atezyen an, Jezikri? Poukisa ou pa tounen vin jwenn Li, kote Bondye se gwo gwo rezèv lajwa nou an, gwo gwo rezèv pou lwanj nou an, gwo gwo rezèv satisfaksyon nou? Trankilite nè mwen sòti nan Bondye.

Kan mwen atè plat, mwen jwenn satisfaksyon m nan Kris, pa nan yon sigarèt, pa nan bagay nan mond lan, pa nan konfyolo ak kèk kredo; men nan jwenn Li, Pawòl ki te pwomèt jan L te di a: “Si Mwen pati, M ap retounen ankò pou m vin chache nou.” Se nan sa mwen jwenn jwa m. Li se Jwa mwen.

¹²² Jodi a yo di, paske yo antre nan bagay sa yo epi paske yo fòme Konsèy Mondyal Legliz lan, yo pral fè yon pi bèl kote pou viv. Pou m onèt avè w, yo pral fè yon pi bèl kote pou yo peche. Se jis. . . Tout bagay la nèt se peche, de tout fason; pa pou viv, men pou mouri. Yap fè yon kote pou chita, osinon, pou peche, olye de yon kote pou viv.

¹²³ Tout lòt bagay, an deyò Jezikri ak Pawòl Lavi Li an, se yon rezèwa ki fann. Nenpòt bagay kap eseye ranplase L; nenpòt bagay wap eseye fè pou ba w lapè, nenpòt bagay wap eseye fè pou ba w konfò, tout jan de jwa ke w va resevwa de nenpòt ki lòt bagay la, pou ranplase Sa, se yon rezèwa ki fann ranpli ak salte. Li bay satisfaksyon pafè.

¹²⁴ Mwen sonje bò isi a, sa fè kèk ete pase, mwen te soti nan pòt dèyè a. Te gen yon ti vagabon laba deyò a ki te pale avè m, ki te di: “Ou konnen, rezon ki fè ou toujou ap pale de fanm yo konsa, kap mete bout shòt ak bagay sa yo,” li te di: “se paske ou se yon vye granmoun.” Li te di: “Se pou rezon sa.”

Mwen te di: “Gade bò isi. Ki laj ou?”

Li te di: “Vennsèt an.”

¹²⁵ Mwen te di: “Lè m te gen pi piti laj pase w, mwen te konn preche menm bagay la.”

Mwen jwenn yon Fontèn satisfaksyon. Li se pòsyon pa m. Amèn! Toutotan se Li k ap founi, se sa ki bèl la. Sa se—sa se. . . Sa se atizay mwen, se chita gade L, gade men L kap travay epi gade sa Lap fè. Pa gen okenn lòt fontèn mwen konnen!

San ki chè pase lò

Ki wete m nan lanmò;

Nan pwèn lòt sous ankò,

Anyen pase San Jezikri.

Genyen yon Sous tou plen ak San,

Se San Jezikri,

Pechè yo ki benyen ladann,

Soti san tach e pi.

¹²⁶ M ap di w, pa gen okenn lòt fontèn mwen konnen ke Fontèn sa. Li te netwaye m lè m te sal. Li kenbe m pwòp, paske mwen vle viv tou pre L, bwè Dlo fre sa a ki ranpli nanm mwen ak lajwa.

Mwen ka sitèlman dekouraje, epi santi m pa ka kontinye an. . . yon lòt ti bout chemen, m pa ka al okenn lòt kote ankò; kidonk mwen ka mete m ajenou epi mete dwèt mwen sou yon pwomès, epi di: “Seyè Bondye, Ou se fòs mwen. Ou se satisfaksyon mwen. Ou se tout pou mwen.” Mwen ka kòmanse santi yon Bagay k ap bouyonnen moute anndan mwen la. Ki fè m reprann fòs.

¹²⁷ Kòm mwen depase senkant, lè m leve yon maten konsa, ou konn kijan sa ye, se ak lapènn pou w arive fè yon pye soti nan kabann nan. O la la, se apènn si w ka fè sa; epi yon moun nan pòt

la, ap frape, oswa Billy k ap dim gen yon ijans, yon kote mwen dwe ale. E mwen panse: “Kijan pou m fè sa?” Eseye mete yon pye deyò.

Mwen panse: “Ou se Fontèn la ki ranpli ak fòs mwen. Amèn! Seyè a ede m li ban m fòs. Ou se pwi atezyen mwen! Ou se fòs jenès mwen! ‘Sa yo kap tann Seyè a va renouvle fòs yo; yo va pran vòl yo avèk zèl èg; yo va kouri, san yo pa fatige; yo va mache, san tonbe faya.’ Seyè Bondye, sa se djòb mwen, pou m ale. Yo rele M sou pòs travay mwen.” Epi premye sa w jwenn, yon Bagay kòmanse ap fè glouglou moute anndan m.

¹²⁸ Lòt jou, laba nan yon ti kote, mwen te genyen yon reyinyon isi a la nan Topeka, Kansas; te gen yon jenn gason, yon jenn predikatè, youn nan premye moun ki tap sipòte m yo. Frè Roy, ki chita la, sonje kote a. Nan sa, nan gwo kote sa laba, te gen yon—yon . . . Minis sa te al anba plafon yon kay oswa yon kote, mi sou kote kay la te tonbe sou li epi plati l anba l. Ti jennòm nan ta pral mouri. Fwa l te pete. Larat li te deplase. Dè tòn te tonbe sou li.

¹²⁹ Mwen te chita pou manje maten an, mwen t ap pale ak madanm mwen. Mwen te di: “Madanm mwen, ou konnen, si Jezi te isi a, ou konn sa Li t ap fè?” Mwen te di: “Lè li te konn sipòte m, ‘mwen kwè Pawòl sa a,’ se Kris li t ap sipòte.” E mwen te di: “Sa se riz dyab la.” Mwen te di: “Si Jezi te isi a, Li ta pral poze men ki sen L yo sou li. Jennòm sa a t ap refè. Mwen pa bezwen konnen si fwa l te pete. Li t ap refè, paske Jezi ta pral laba a piske Li konnen egzateman Ki moun Li ye. Li te konnen apèl Li, Ekriti yo se verite, yo konfime nan Li ke Li te rekonèt Ki moun Li ye, e san yo . . . san okenn dout. Li tap jis poze men L sou li, t ap di: ‘Pitit gason m, pran fòs,’ epi vire do ale.” Epi mwen te di: “Lèfini, pa t ap gen ase dyab nan lanfè pou tiye ti gason sa.” Mwen te di: “Li t ap refè.” Men mwen te di: “Ou wè, cheri, Li te Jezi, men Bondye ki sen yo.”

Mwen te di: “Mwen se yon pechè. Mwen fèt nan zafè sèks. Papa m ak manman m toude se te pechè, epi mwen se jis yon pa bon ditou.”

Epi Mwen te di: “Men ou konn yon bagay? Si Seyè a te ban m yon vizyon epi Li te voye m laba a, alò se t ap diferan.” Mwen te di: “Mwen ta prale laba a pou m poze men m sou li, li t ap soti sou kabann nan si Li te ban m yon vizyon.”

¹³⁰ Alò Mwen t ap reflechi: “Tout bon, si se te vizyon an, kisa l t ap ye? Se tap menm men sal yo ki t ap sou li, en-en, menm moun lan ki t ap priye pou li, menm men sal yo.”

Alò mwen te kòmanse ap panse: “Mwen reprezante Li. Alò, Bondye pa wè m. San Sila ki jis la blayi anwo a sou otèl la; L ap plede pou mwen. Li sifi ase pou mwen. Li se priyè mwen. Li se Vi m.” Mwen te di: “Sèl bagay ki t ap fè m mete menm sou li, avèk lafwa, se paske m te gen lafwa nan vizyon an. E san vizyon an,

menm fwa sa t ap fè menm bagay la; kifè mwen rekonèt ke m pa anyen, men mwen rekonèt ke se Li ki tout bagay pou mwen. Li se Vi m. Se Li Ki voye m ak Manda. Pa gen okenn denominasyon ki voye m; Se Li k voye m. Alelouya! Mwen ale nan Non Li. M ap poze men m sou li.” Mwen te mache desann al laba a epi mwen te mete men m sou jennòm sa, epi jou swa sa li te chita nan reyinyon an, byen refè. Amèn!

¹³¹ O, wi, Li se Fontèn sa. “Nan pwen lòt sous ankò. Anyen pase San Jezi!” Mwen se yon salo, mwen se yon rebèl, nou tout se sa nou ye, men devan Bondye nou tout pafè. Je- . . . “Ke ou kapab pafè, menm jan Papa nou ki nan Syèl la pafè a.” Kijan ou ka vin sa? Sè ke Youn ki pafè reprezante nou laba a. Fontèn sa la chak jou, tou fre. Pa yon bagay sal, men tou fre chak jou, ki lave tout peche m yo. Se li ki Fontèn sa.

¹³² Bon pou fini, mwen ka di sa. Tout bagay ki diferan de Sa se rezèvw a ki fann, epi sa w mete ladann ap fini pa koule soti; si w mete tout esperans ou, tout tan w, ak tout lòt bagay, nan youn nan rezèvw a sal sa yo. Jezi di yo se rezèvw a ki fann. Bondye di: “Yo fann, epi nenpòt sa w mete nan yo gen pou koule soti.” Ou pa ka al pi lwen avèk yo, paske y ap koule ap soti. Paske se Li ki sèl chemen ki mennen nan Verite a, nan Lavi a, ak lajwa Etènèl la, epi lapè Etènèl la. Se Li menm Sèl e Li se sèl chemen pou Sa. O la la!

¹³³ Fontèn Lavi ki san fen an se Jezikri. Poukisa? E Kiyès Li ye? Pawòl la, menm bagay; Pawòl la, Lavi, Fontèn lan, “menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.” Pou vrè kwayan an, Se jwa siprèm li, Vi siprèm li. Epi satisfaksyon siprèm li lan Kris. Pa bezwen ponpe, pa bezwen rale moute, pa bezwen asosye, pa bezwen avalwa; jis kwè epi repoze w. Se sa Li ye pou kwayan an.

¹³⁴ Tankou papa nou Abraham; li pat janm nan rale moute, li pat janm enkyete, li pat janm trakase kò l. Li te gen Pawòl la. Li te repoze l sou biskèt Èl Chaday. Lè Abraham te vin gen santan, Bondye te parèt devan l, pou di: “Se Mwen menm ki gen Tout Pouvwa a.” Mo Ebre a se *Èl Chaday*, ki vle di: “Sila ki gen Tete a.” “E ou fin granmoun, epi ou pèdi fòs ou, men jis apiye w sou biskèt Mwen epi tire fòs ou nan Fontèn sa.” Amèn! Kisa nouritèt li a te pwodwi? Yon kò tou nèf. Li te gen bebe a, avèk Sara. Epi, senkant an apre sa, li te fè sèt timoun ak yon lòt madanm.

¹³⁵ O, Èl Chaday! Ansyen Testaman an montre kisa Li te fè, Nouvo Testaman an di kisa Li pral fè. Amèn! Nan ansyen Testaman an . . .

¹³⁶ Bon èkondisyone a etenn, kifè m ap fè vit pou m fini kounye a, jis nan yon minit.

Mwen ta renmen di sa anvan m fini. Mwen te gen yon bon egzanp de sa yon fwa. Mwen t ap fè patwouy. E anpil moun isi a . . . Anba nan zòn Georgetown, anba laba nan Milltown, byen lwen fon fon nan mòn yo, te abitye gen yon fontèn. Se te yon pwi

atezyen. Li te konn fè djayi monte anlè sou yon—yon distans kat ou senk pye konsa yon kouran dlo, jis ap koule soti tout tan, ak yon gwo gwo sous toutotou laba. Epi tou pre l toutotou te gen anpil pye mant la, ou konnen, ak lot bagay ki t ap pouse la, ki sanble ak mant. E, o, m te abitye jis swaf anvi rive laba, o la la, pou m rive nan fontèn sa. Epi M te konn lonje kòm bò kote bagay sa pou m jis bwè sou bwè, epi chita, fè yon ti tann, pou bwè ankò.

E ane aprè ane mwen te konn retounen nan menm fontèn sa. Li pa janm rete, ivè kou ete. Yo pat kapab konjle l. Ou paka konjle yon pwi atezyen. O non! O non! M pa bezwen konnen jan—jan l fè frèt, sa pa kapab konjle l. Ou va konjle yon rezèvwà; jis yon ti fredyè ka fè sa. Ou wè?

Men tout bagay k ap bouje, gen Lavi ladan l, sa ap toubyonnen. E ou paka konjle Pwi atezyen an. Kèlkeswa jan espri yo dekouraje nan antouraj li, Pwi sa toujou vivan. Viv kole ak Pwi sa.

¹³⁷ E la mwen te remake, m te al la e m te bwè ladann, e, o la la, dlo fre sèlman! Ou pat janm bezwen enkyete w, “M ap mande, si m ta rive laba, m ap mande si l t ap sispann koule?” Li t ap koule . . .

¹³⁸ Yon vye fèmme te rakonte m, li te di: “Granpè m te bwè ladann.” Epi tou li te di: “Li pat janm diminye osinon manke anyen. Se toujou menm pwi a, k ap koule sòti al nan Rivyè Ble laba.”

¹³⁹ Mwen te panse: “O la la, ala yon bèl kote pou al chache dlo!” Mwen te konn mache apeprè yon mil sou ti wout deyò, pou m te ale kote sa, paske se te tèlman yon bon kote pou w bwè. O, dlo sa te tèlman bon! O la la!

Mwen—Mwen te konn al laba nan dezè sa, m ap pale de Arizona, m ap panse a sa ankò: “Pwi bèlmèvèy sa anba la, si m te kab jis chita bò kote l!”

Tankou David te di yon lè: “O, si m te ka bwè yon fwa ankò nan pwi sa!” Si l te ka sèlman rive la!

¹⁴⁰ Epi yon jou m te chita, e m te gen yon bagay yon ti jan etranj ki t ap travèse lespri m. E m te di: “Kisa k fè w kontan tout tan konsa? Mwen swete ke m te ka kontan konsa. Enbyen, m pa janm wè w tris, depi m ap vin isi a. Pa gen yon sèl bagay tris konsènan ou.” Mwen te di: “Ou toujou ranpli ak jwa. W ap sote, bouyonnen ak monte desann. Ivè kou ete, fredyè kou chalè, kèlkeswa sa l ye a, ou toujou ranpli ak jwa. Kisa ki fè w . . . ? Kisa, kisa l ye? Se paske m bwè nan ou?”

“Non.”

Mwen di: “Enbyen, petèt se lapen yo ki bwè nan ou, epi ou renmen sa anpil.”

“Non.”

Mwen di: “Enbyen, kisa k fè w ap bouyonnen konsa? Kisa k fè w kontan konsa? Kisa k fè w toujou ranpli ak jwa konsa?”
Mwen te di: “Eske se—se akoz zwazo yo bwè nan ou?”

“Non.”

“Paske m bwè nan ou?”

“Non.”

Mwen di: “Enbyen, kisa k fè w ranpli ak jwa konsa?”

¹⁴¹ E si pwi sa te ka reponn mwen, men sa l t ap di: “Frè Branham, se pa paske w bwè; e ke m ka founi dlo pou zwazo yo, mwen apresye sa. Mwen founi dlo pou tout moun ki vle bwè. Sèl bagay ou gen pou fè se vin isi a pou bwè. Men, sa k rann mwen kontan, se pa poutèt m ap bouyonnen an, se yon bagay anndan m, k ap pouse m. Se yon bagay kifè m ap bouyonnen.”

¹⁴² E se konsa ke li ye avèk yon vi ranpli ak Sentespri. Tankou Jezi te di a, Li te nan . . . Ou wè, Li ba w dlo pwi k ap djayi moute jis nan Vi san fen an, yon pwi atezyen, k ap debòde ap koule anpil tout tan. Menm si rès legliz la ap rejwi ou ap kaba, ou toujou nan Pwi sa.

Poukisa w ta chwazi yon vye sistèm denominasyon ak yon vye rezèwva, ranpli ak parazit ak tout lòt bagay konsa, epi ap bwè nan bagay sal sa, alòske yo envite w nan yon Fontèn, yon Pwi atezyen?

¹⁴³ M ap panse kijan li t ap pouse monte, ak fè lakwobat, ak—ak gagouye, ak ri, ak kè kontan, ak sote anlè, ak rejwisans. Ke te gen fredri, lapli; cho, sèk, kan tout rès peyi a t ap deseche, li t ap bouyonnen menm jan l te konn toujou fè a. Paske li te anrasine, an pwofondè, anba nèt nan wòch yo kote l sòti a.

¹⁴⁴ O, kite m viv bò kot dlo sa k ap Koule a! Pran tout sistèm ke lèzòm fè jan w vle l la, tout vye pwi sal ou yo, men kite m al nan . . . oubyen rezèwva sal. Men, kite m vin nan Fontèn sa, kite m al laba a kote L byen ranpli a. Se Li ki Jwa mwen. Se Li ki Limyè m. Se Li ki—Se Li ki Fòs mwen. Se Li ki Dlo mwen. Se Li ki Vi m. Se Li ki Gerisè m. Se Li ki Sovè m. Se Li ki Wa m. Tout sa mwen bezwen se nan Li mwen jwenn li. Poukisa pou m ta vle al nan yon lòt bagay?

¹⁴⁵ Frè, sè, ou pa ta renmen vin nan Fontèn sa aswè a? Ou pa ta renmen sa, si w pat janm rive la, èske w pa ta renmen resevwa L aswèya pandan n ap bese tèt nou?

¹⁴⁶ Rezèwva ki fann, k ap koule, k ap degoute, kote lemonn ap glise antre, ak salte ki sot nan granj yo ak lòt epòk yo. Poukisa se pa Pwi sa, sila a ke bagay sal pa ka rete ladann, Fontèn pakèt afè k plen ak San an, ki soti nan venn Emanyèl? Poukisa w pa resevwa sa aswè a? Ke Bondye ede nou aswè a, nan peyi sèk, ki swaf sa. Tankou pwofèt la di a: “Li se Wòch la nan peyi san lespwa.” Li se Fontèn sa. Ou pa ta renmen vin jwenn Li aswè a, nan kè ou, pandan n ap priye?

147 Chè Papa nou nan Syèl la, pa gen lòt Fontèn, tankou mizik la ap jwe l la: “Nan pwen lòt fontèn ankò; anyen pase San Jezi.” Se la mwen te fèt, se la mwen te leve grandi; mwen vle viv la, epi mouri la, e resisite la, nan Prezans Li. Seyè, kite m toujou rete nan Prezans Li, paske pa gen okenn lòt mwen konnen. Okenn kredo, okenn lanmou; okenn lòt mennaj ke Kris, okenn kredo ke Kris, okenn liv ke Bib la, okenn lòt bagay, okenn jwa apa Li. Retire L nan mwen, O Bondye, mwen pa bezwen konnen konbyen richès nan lemonn mwen posede, se—se tap toujou lanmò, mwen t ap mache pwonmennen moute desann ak men nan tèt. Retire L nan mwen, mwen t ap pati ale, Seyè. Men kite L rantre nan mwen, alò desanm t ap bèl menm jan ak me, alò patap gen kote ki fè cho ak kote ki sèk, menm lanmò li menm pa gen vikwa. Ki te nou genyen L, Papa. Bay Li, an abondans, a chak moun ki kwè isi aswè a, pandan y ap tann nan pyès sa.

148 Anpil nan yo gen pou yo kondwi sou wout la aswè a, pandan yo pral lakay yo, e ke yo kapab gen panse sa: “M ap viv nan Fontèn nan. M ap viv la, pou m bwè dlo fre, chak lè k sonnen.”

149 E si yo pa t ko resevwa sa, ankò, ke yo resevwa L kounye a, pou ke yo ka tou pati ak Fontèn la toutswit avèk yo. “Mwen prale avèk ou; Mwen va akèk ou jouk sa kaba.” Bay bagay sa yo, Papa.

150 E kounye a pandan ke tèt nou bese a, èske gen yon moun isi a, aswè a, oubyen konbyen moun ki te ka di: “Seyè, kondwi m nan Fontèn sa kounye kounye a. Mwen pat janm vin isi a jis pou m tande; mwen vin isi a pou m jwenn yon Bagay. Mwen vin isi a pou m jwenn Ou, Seyè. Mwen bezwen W aswè a. Vin nan kè m kounye a. Èske W ap fè sa, Seyè?” Bondye beni w. Ke Seyè a beni chak moun.

151 Papa, Ou wè men yo, menm anwo a ak toutotou mi yo, epi nan lòt sal yo, ak deyò a. Ou—Ou wè yo, Papa. Mwen—mwen priye pou Ou ba yo tout sa yo bezwen. Petèt ke yo te konn ap bwè nan kèk vye rezèvwa, Seyè, apèn pandan yon ti eskal kote kèk nonm te fouye yon rezèvwa, li vin kontamine ak tout kalite doktrin etranj, ki nye Pawòl la. Mwen priye, Bondye, pou yo ka vin aswè a bò kot Sila a Ki se Fontèn nan, Fontèn Lavi sa. Akòde l, Papa. Mwen remèt yo nan men W kounye a nan Non Jezi.

152 E Ou te di m: “Nenpòt kisa n a mande nan Non M, M a fèl pou nou.” Bon, m pa t ap mande sa, Seyè, si m pat panse li t ap fèt. M t ap—M t ap jis ap di l tankou yon woutin. Men m priye pou yo, ak senserite. M priye pou yo, paske mwen kwè ke W ap akòde sa ke Ou te pwomèt.

153 E kounye a mwen elwaye yo de rezèvwa sa aswè a. Mwen elwaye yo de kote yo te konn ap bwè a, kote yo pat satisfè; pou yo vin nan Fontèn sa. Mwen fè sa nan Non Jezikri.

154 Se pou Ou yo ye, Seyè. Kite yo bwè nan Ou, Dlo lavi a, Fontèn Dlo lavi a. Lan Non Jezi, mwen mande l. Amèn. Akòde l, Seyè.

San ki chè pase lò
 Ki wete m nan lanmò;
 Nan pwen lòt sous ankò,
 Anyen pase San Jezikri.
 Sa k kapab lave peche m?
 Anyen pase San Jezikri;
 Sa k kapab geri tout kè m?
 Anyen pase San Jezikri.
 O, . . .

Jezi, geri sila yo, Seyè! Akòde l, Seyè, nan Non Jezi. Mwen priye, Bondye, pou ke Ou . . . ? . . . Ou konn tout bagay.

Nan pwen lòt sous ankò,
 O, anyen pase San . . .

¹⁵⁵ Panse a sa, nan pwen lòt sous ankò! M pa konn okenn lòt ke Li. M pa bezwen konnen okenn lòt ke Li. Anyen pase San Jezi! O!

San ki chè pase lò
 Ki wete m nan lanmò;
 Nan pwen lòt sous ankò,
 O, anyen pase San Jezikri.

¹⁵⁶ Pandan n ap chante sa ankò, annou bay lanmen youn ak lòt. Èske nou renmen nou youn lòt? Èske genyen yon moun isi a ki gen yon bagay kont yon lòt? Si genyen, al mete sa an òd. Ou pral fè l? Annou pa sòti isi a konsa. Ou wè? Si ou genyen yon ti bagay kont nenpòt moun nan, al mete l an òd, kounye a menm. Se kounye a ou gen chans pou w regle sa, se pou w di: “Frèm, sèm, mwen te di yon bagay sou ou, mwen te panse yon bagay. Mwen pat gen entansyon fè sa. Padonnen m.” Ou wè, se konsa sa dwe fèt. Annou kenbe Fontèn nan la nan mitan nou, toutan. Ou wè?

Nan pwen lòt sous ankò,
 Anyen pase San Jezikri.
 San ki chè pase lò
 Ki wete m nan lanmò;
 O, nan pwen lòt sous ankò,
 Anyen pase San Jezikri.

¹⁵⁷ O, èske Li pa yon bèl mèvèy? Nan pwen lòt sous ankò! Nou pap kontamine nou ak okenn lòt bagay. Nou separe, nou kite lemonn dèyè. Nou pa bezwen po lay yo ak rezèvwa ki fann nan peyi Lejip yo ankò. Nou nan vwayaj la ak Seyè Jezi, ki se Woche frape a, amèn, n ap manje Laman ki sot Anwo a, epi n ap bwè; n ap manje Manje zanj yo, epi n ap bwè nan Wòch la. Amèn!

Nan pwen lòt sous ankò,
 Anyen pase San Jezikri.

Bon ann bese tèt nou.

¹⁵⁸ Priyè m se pou Bondye sitèlman beni nou chak, ke gras Li ak mizerikòd Li ap akonpaye nou diran tout semèn k ap vini an. E

si nenpòt bagay ta dwe rive, kòm kwa youn nan nou ta glise al pi lwen pase vwal la kounye a, sonje ke se jis pou kèlke zè somèy ak repo sèlman jiskaske nou rankontre. Sonje, ke: “Sa yo k ap rete vivan yo pap pran devan sa yo ki mouri deja yo, paske Twonpèt Bondye a, dènye Twonpèt sa a . . .” Sizyèm nan fèk sonnen la. E dènye Twonpèt sa, tankou dènye So a, se va Vini Seyè a. “Li va klewonne, epi moun ki te mouri nan Kris yo va leve sòti vivan an premye.” Jis repoze jiska lè sa.

¹⁵⁹ E si yon malè ta rive w, sonje:

Pran Non Jezi avèk ou,
 Tankou yon plak k ap pwoteje w kont tout
 pèlen;
 E lè tantasyon anviwonnen w,
 Jis respire Non sa a nan lapriyè. (Demon yo va
 kouri.)

¹⁶⁰ Sèlman sonje, nou espere rankontre w isi a dimanch pwochen nan maten. Pote moun ki malad yo ak moun ki nan lafliksyon yo. M va priye pou ou. Priye pou mwen tou. Èske w ap fè l? Di: “Amèn.” [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a] Mwen va priye pou ou, pou Bondye beni w.

. . . Non sa a nan lapriyè.

Non sa a presye, Non sa a presye, O ala dous!
 Se lespwa tè ak lajwa Syèl la;
 Non sa a presye, O ala dous!
 Se lespwa tè ak lajwa Syèl la.

Nan Non Jezi n ap koube,
 Tonbe fas atè nan pye L,
 Pou n kouwonne L Wa tout wa yo nan Syèl la,
 Lè vwayaj nou va fini.

Non sa a presye, Non sa a presye, (èske li pa
 dous epi li presye?)
 Se lespwa tè a ak lajwa Syèl la;
 Non sa a presye, Non sa a presye, O ala dous!
 Se lespwa tè a ak lajwa Syèl la.

¹⁶¹ Li toujou trè difisil pou m kite nou. Malgre ke mwen konnen nou about, men sèlman gen yon bagay konsènan . . . Annou, pran yon koupèlè yon lòt kantik, èske ou dakò? [Asanble a di: “Amèn.”—Editè a] Èske ou dakò? *Beni Kòd Ki Mare*, sè. Konbyen moun ki konnen ansyen chante sa a? Nou te abitye chante l, kèk ane pase.

¹⁶² Epi m t ap panse, aswè a: “de men, pami dè santèn, ki te leve yo,” lè nou te konn abitye chante kantik sa a nan tabènak la, epi nou te konn kenbe men nou youn lòt. *Beni Kòd Ki Mare*. Mwen antere anpil nan yo, isi a nan simityè a. Y ap tann. Mwen pral wè yo ankò. Mwen wè yo, de tanzantan, nan vizyon, lè m voye je m gade dèyè vwal la. Yo la a.

Ann bese tèt nou kounye a pandan n ap chante a.

Beni kòd ki mare
 Kè nou nan amou Kris;
 Fratènite . . .
 Fè nou konprann Syèl la.
 Lè nou . . .

Kounye a lonje men w epi kenbe men yon lòt moun.

. . . youn kite lòt,

Kounye a bese tèt ou.

Sa fè nou tout lapenn;
 Nou rete ini nan lespri,
 Nou tout se youn nan Kris.

¹⁶³ Ak tèt nou ki bese. Mwen remèt sèvis la bay pastè a kounye a, epi fini nan . . .



REZÈVWA KI FANN CRE64-0726E

(Broken Cisterns)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on dimanch swa 26 jiyè 1964, nan Branham Tabernacle ki Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org